ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙСКАЯ ПРАВДА

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЫМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОК!

№№98-99 (21.257) ● 2008 гъэм накъыгъэм (майм) и 24, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 6-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIыхь зиI э и дохутыр» цIэ лъапIэр ХьэцIыкlу К. Хь. фIэщыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Узынщагъэр хъуэным зегъэужьынымкIэ федеральнэ къулыкъуэм и Управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм накъыгъэм и 19-м
№58-УП

Балигъыпlэ нуиа ныбжьыщIэ минхэм папщIэ къэралым и курыт еджапIэ псоми нужьрей узэджынэм и макъ жьгъырур нобэ щызэуплъ. Ди республикэм и курыт щыкIэм щекIуэкIынуи анхуэдэ гуфIэгъуэ зэхуэсхэр.

МАХУЭШХУЭМ иращIэкI гуфIэгъуэр зыхуэунэтIа псори: еджакIуэхэри, егъэджакIуэхэри, адэ-анэхэри - нышэдмбзэ щызэхуоседжапIэхэм я бжэIупэ хуитхэм. Иужьрей уэзджынэм и къыззгъэпэщакIуэхэм я зэфIэкI псори ирахьэлIащ 11-нэ классыр къэзыух ныбжьыщIэхэм мы махуэр гукъынэ ящыхъунымкIэ. Гуфlэгъуэ зэIуIэхэр щекIуэкI утхэр удз гъэгъарэ шар гъэпщащ зэмыфэгъуэхэмкIэ гъэщIэрэщIащ, дэнэжи школ гъащIэм, еджэныгъэм теухуа уэрэдэхэр къыщоуэ. Щколыр къэзыух ныбжьыщIэхэм нэжьгужагъыр я нэгум кIрихьиу, екIуу хуэпащэ утыкум и жьантIэмкIэ щеубжIащ. Ахэращ пlъапlэу яIэр я егъэджакIуэхэми, щколакIуэ нэхъыщIэхэми, адэ-анэхэми, махуэшхуэм хъуэхъу хуэзыIэтыну зыкъорезыгъэкъэIа псоми.

Я унэ етIуанэу илъэс 11-кIэ щыта еджапIэр, адэ-анэ папщIэу школым щаIа я егъэджакIуэхэр, ущиякIуэхэр, дауи, гупыкIыгъуафIэкъым балигъыпIэ нуиэ ныбжьыщIэхэм я дежкIэ. Абы щегупсыскIэ, ахэр тIэкIу нэщхьеI къоху, ауэ абыхэм я гурыщIэр къызэщIелэтэ къэхъухъащIэ купщIафIэ куэдкIэ, гуащIэдэкI хьэлэлкIэ ахуэгъэнщIыну гъащIэщIэм и гъэгум нобэ зэрыгтеуэм. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми и псэм щегъафIэ мурад куэд. Ахэр ехьэлIащ курыт еджапIэм щызрагъэгъуэта щIэныгъэм адэкIи хэгъэхъуэным, зыщIэхъуэпс IэщIагъэр зыIэргъэхъуэ абы ирилъэжьным, къызыхэкIа унагъуэхэм щIэгъэкъуэн лъэщ яхуэхъуным, нэгъуэщIхэми.

Нобэ балигъ гъащIэм хьихьэ ныбжьыщIэ минхэм гуапэу дохъуэхъу къапэщыгъ гъуэгуанэр ехьуIлэныгъэкIэ зэпачыну, я гурыIуь дахэжэр кьайхъуIлэну, гъащIэм езыхэм я узыпIэ щызрагъэгъуэгу я насып мыкIуэщIу псэуну. Гумрэ псэмрэ къабгъэдэкI апхуэдэ псалъэхэр ныбжьыщIэхэм жраIэнущ нобэ куэдым. А мурадырщ яIэр КЪБР-м и Правительствэм, етIуанэ и Парламентым, етIуанэ и Президентым кIалэ, район къудамэхэм я лIыкIуэхэу республикэм и курыт еджапIэхэм елъэгъахэми.

Iуэгу махуэ, ныбжьыщIэ цIыкIухэ! Балигъ гъащIэм lъапlэ махуэ хэфчауэ Тхьэм къыщIигъэкI Етlанэгъэ пlалъэ фIыкIэ фIыныкъ, фи пэжыгъэм и хьэр фIыгъачу, егъэджакIуэхэ! Фи бынхэм факIэтэлъэныну, яхуэмIэ хъуэпсапIэхэр абыхэм кьайхъулIэну, адэ-анэхэ!

Иужьрей узэджынэр псоми угуырлы тхуэзэхуну!

ЖЫЛАСЭ Маритэ.



● Иужьрей узэджынэ

Насыпыр фи бащэу

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIыхь зиI э и дохутыр» цIэ лъапIэр ХьэцIыкlу К. Хь. фIэщыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и органым и зи чэзу зэIуIэр 2008 гъэм накъыгъэм и 28-м Парламентым и Унэм щекIуэкIащ.

ЗэIуIэм щыщIидзэнур сыхьэти 10-рэ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущапlэм.

Ди газетыр къыфIэрыхьэну фыхуэфIэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2008 гъэм и еIуанэ илъэс накъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр зэрекIуэкIыр.

Илъэс накъыгъэм газетым и уасэр сом 356-рэ кIэлIейкIи 720-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытебдзэ хъунущ республикэм и почтэ Iуэхущапlэ псоми.

Ди индексыр 51531

Дунейм дахэкIыгъэ

Президентым кърегъэблагъэ

Медведев Дмитрий Китайм кIуащ. Ежьэн и пэ кьихуэу, а къэралым и журналистхэм щепсэлъыIам, абы кьыхигъэщащ и къэрал щыIэ политикэр зэIуахуэу, пэжагъ хэлъу зэрыунэтIынур.

Урысейм и Президентымрэ КНР-м и унафэщIымрэ дыгъуасэ Iэ щIадзащ дунейпсо Iуэхухэмкlэ лъэныкъуитIми я зэдай декларацэм, апхуэдэу зэгурыIуэныгъэ зыбжанэ зэращIалIащ.

Я узынщагъэр щрагъэфIэкIуэжьын папщIэ, Медведев Дмитрий ди къэралым къыригъэблэгъащ щIыр нэхъ гуащIэу щыхьеи Сычуань куейм щыщ еджакIуэ гуп. Фигу къэдгъэкIыжьынщи, дунейм и къэхъукъащIэ щынагъуэм щIыу мин 55-м щигъу хэкIуэдащ. А щIыпIэм щыIэжьа ди кьеГъэлакIуэхэр дыгъуэпшьхьрей пщыхьэщхьэщхэм КНР-м и унафэщI Ху Цзинь Тао щаIущащ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Ди щIэджыкIакIыж лъапIэхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2008 гъэм и еIуанэ илъэс накъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр зэрекIуэкIыр.

Илъэс накъыгъэм газетым и уасэр сом 356-рэ кIэлIейкIи 720-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытебдзэ хъунущ республикэм и почтэ Iуэхущапlэ псоми.

Ди индексыр 51531

Президентым кърегъэблагъэ

Медведев Дмитрий Китайм кIуащ. Ежьэн и пэ кьихуэу, а къэралым и журналистхэм щепсэлъыIам, абы кьыхигъэщащ и къэрал щыIэ политикэр зэIуахуэу, пэжагъ хэлъу зэрыунэтIынур.

Урысейм и Президентымрэ КНР-м и унафэщIымрэ дыгъуасэ Iэ щIадзащ дунейпсо Iуэхухэмкlэ лъэныкъуитIми я зэдай декларацэм, апхуэдэу зэгурыIуэныгъэ зыбжанэ зэращIалIащ.

Я узынщагъэр щрагъэфIэкIуэжьын папщIэ, Медведев Дмитрий ди къэралым къыригъэблэгъащ щIыр нэхъ гуащIэу щыхьеи Сычуань куейм щыщ еджакIуэ гуп. Фигу къэдгъэкIыжьынщи, дунейм и къэхъукъащIэ щынагъуэм щIыу мин 55-м щигъу хэкIуэдащ. А щIыпIэм щыIэжьа ди кьеГъэлакIуэхэр дыгъуэпшьхьрей пщыхьэщхьэщхэм КНР-м и унафэщI Ху Цзинь Тао щаIущащ.

Я юбилейр ягъэлъапIэ

УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэм дыгъуасэ ягъэлъапIащ ирагъэкIуэжьа зэIуIэпщащ зэрыщIэхэм я бжыгъэр зы мин зэрарикъуэр.

Ар кьабж 1994 гъэм щыщыIэм и 11-м щегъэжьауэ. А махуэ дыдэрэ властым и хабзэубзыку органищIэм и депутатхэм я зэ сессиер щызэхуагъэсар.

ИщIагъ палатэм и унафэщI Грыз лов Борис къыззригъэлъэгъуамкIэ, а бжыгъэр нэщэнэ дахэщ, ауэ абы и щIыбагъым къыдэтщ IуэхуэшхуэхэмкIэ гъэнщIа лъэжьагъэ пыухыкIахэр. Ахэр, псом япэу, къэралыгъуэ зыгъэбыдэ, щIыхуэхэм я псэукIэр езыгъэфIакIуэ, зэпIэзэрыту зыужьыныгъэр кьызэзэыгъэпэщ законхэр кьызэращтарщ.

Процент 20-кIэ

Петропавловск-Камчатскэ - Мэзкуу хьэуа гуэргум и уасэм зы махуэм процент 20-кIэ хэхъуащ.

Дяпэкlэ къэралым и щыхэрым и кIуэнымрэ зэхуэдэ кIуэнымрэ хьгIыгу ныкъуэм щыпсэухэм сом мин 29-рэ щатын хуейщ.

ХъэщIыкIхэм зэрыжаIэмкIэ, нэгъуэщI къэралхэм лъэтэнуэхэм я билет уасэхэри мыгувэу дэкIуеинущ.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

Накьыгъэм и 24, щэбэт

◆ Паркэм я европей махуэщ 1909 гъэм накьыгъэм и 24-м Швецием къыщыззрагъэпэщащауэ щытащ Европэм щыпэ лъэпкъ паркыщ 9.

◆ Белград (Сербие) щекIуэкIынущ «Евровидение-2008» зэпеуэм и кIэух зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэр.

◆ Илъэс 85-рэ и пэкIэ (1923) кьалъхуащ ермэлы сурэтыщI, РАХ-м и членкорреспондент, Армян ССР-м и цIыхубэ сурэтыщI, СССР-мрэ (1987) Армян ССР-мрэ (1977) я Къэрал премиер-м я лауреат **Акопян А.Т.**

◆ Урысей тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, СССР-м и АН-м и академик, литературэ и лъэныкъуэкIэ Нобель и премиер-м и лауреат (1965), Социалист Лэжьыгъэм тIэхнейрэ и ЛIыхъужь (1967, 1980) **Шолохов Михаил** (1905 - 1984) кьыщалъхуа махуэщ.

Урысейм и Президентымрэ КНР-м и унафэщIымрэ дыгъуасэ Iэ щIадзащ дунейпсо Iуэхухэмкlэ лъэныкъуитIми я зэдай декларацэм, апхуэдэу зэгурыIуэныгъэ зыбжанэ зэращIалIащ.

Я узынщагъэр щрагъэфIэкIуэжьын папщIэ, Медведев Дмитрий ди къэралым къыригъэблэгъащ щIыр нэхъ гуащIэу щыхьеи Сычуань куейм щыщ еджакIуэ гуп. Фигу къэдгъэкIыжьынщи, дунейм и къэхъукъащIэ щынагъуэм щIыу мин 55-м щигъу хэкIуэдащ. А щIыпIэм щыIэжьа ди кьеГъэлакIуэхэр дыгъуэпшьхьрей пщыхьэщхьэщхэм КНР-м и унафэщI Ху Цзинь Тао щаIущащ.

◆ Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 32-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 39-м.

◆ Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъи 7-рэ.

Накьыгъэм и 25, *тхьэмахуэ*

◆ 1987 гъэм «Сыбыр» атом мылкъэтэр Ищхьэрэ полюсым нэсащ.

◆ Аргентинэм и Лъэпкъ гуфIэгъэуэщ - Май революцэм и махуэщ (1810).

◆ Иордан Хьэшимрит Паштыхьыгъуэм и Лъэпкъ гуфIэгъуэщ - щхьэхуит щыхьуа махуэщ (1946).

◆ Илъэс 67-рэ и пэкIэ (1941) кьалъхуащ Молдовэ Республикэм и президент (2001 гъэ лъандзрэ) **Воронин В.Н.**

◆ Илъэси 120-рэ и пэкIэ кьалъхуащ совет композитор, егъэджакIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист, Мэзкуу консерваторием и профессор, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат (1951) **Александров Александр.**

◆ 1930 гъэм кьалъхуащ Къэбэрдей-Балькъэрым щыхь зиI э и дохутыр, жылагъуэ лэжьакIуэ **Кьищокьуэ Хьэтау.** 2006 гъэм дунейм ехыжащ.

◆ Къэбэрдей тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щыхь зиI э лъэкIуэ **Тхьэмокьуэ Барэсбий** кьыщалъуа зиI э лъэкIуэ.

◆ Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 31-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 39-м.

◆ Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъи 8-рэ.

Накьыгъэм и 26, *блыщхьэ*

◆ 1928 гъэм кьащтащ ильэси 4 кьэс футболымкIэ дунейпсо чемпионат егъэкIуэкIыным теухуа унафэ.

◆ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал мэкъумэщ академиер кьыщIэзIуаха махуэщ (1995).

◆ Накьыгъэм и 26-м кьыщыщIэдзауэ мэкъуаугэгъуэм и 6 пщIондэ Санкт-Петербург щекIуэкIынущ «Пушкин. Петербург» зыфIаща гъуэзджэмкIэ дунейпсо фестиваль.

◆ Илъэси 110-рэ и пэкIэ кьалъхуащ совет конструктор, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь (1991, дунейм зэрехьажауэ) **Петропавловский Борис** (1898 - 1933).

◆ Илъэси 100 и пэкIэ кьалъхуащ совет драматург, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат (1980) **Арбузов Алексей** (1908 - 1986).

◆ И ныбжьыр илъэс 80 ирокъу филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **ЩIэрдан Іэбу.**

◆ Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 30-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 39-м.

◆ Махуэм и кIыхьагъынущ сыхьэт 15-рэ дакьикъи 9-рэ.

ПlолIэгъэр зыгъэхьэзырар ХЬЭКIЫКЪАРЭ Аликъ.

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Мыублэ мыхъуэмэ, мыух щыIэкъым.

Си ефакIпэ - си къежьапIэ ● Лъэпкъ Іуэху

КЪЭБЭРДЕЙ

ТВ, радио нэтынкэр ● Щэбэт къыдэкIыгъуэ ● Малъхъэдис

Іэщхэм я бжыгъэм хохъуэ

● Аруан куей

Аруан куейм и мэкъумэш хозяйствэ зэмылIэужьыгъуэхэм Іэщыщхуэу мин 15-м нэс, мэлрэ бжыгъ мин 3, джэлкъэзу мин 400 яIэщ. Ар гъэкIуэм яIам нохьрэ фIыуэ нэхъыбжщ.

2008 ГЪЭМ дызэрыгетхэрэр бизнес щыкIэм, ику итым къыщалэжьащ лIыуэ тонн 2200-рэ, щэуэ тонн 6800-рэ, джэдыкIэу мелуани 5,5-рэ. Псом хэмыдэу екъуIэныгъэфIэр яIэщ «Бабирусэ» агрофирмэм, Тхьэмэхуэхъуэ я фермер хозяйствэм, Аруан къуажэм щыщ Мэрзалы Анзор и уней хозяйствэм.

Мэкъумэш хозяйствэмкIэ район управленэм и унафэщI Хьуэст Жыраслъэн щыгъуазэ дыдэрищIамкIэ, нобэ районым и АПК-м игъэтащ зыужьыныгъэр куэдкIэ и фIыгъэщ «АПК-м зегъэужьыну» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, «УрысеймэкъумэшпкъыкIэ» Іэщыхьуэхэм кредит щIыхуэхэр къазэрыритам. Ар къыIахуэ унагъуэ 63-м. Иджыпсту Аруан районым и Іэщыхьуэхэм гъэмахуэ хъупIэхэм зэрыкIуэнум зыхуагъэхьэзыр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● ЩIэ

Гъатхэмрэ дахагъэмрэ тегъэпсыхьа

Дунейм кьыгъ хьащ «Къуршэм я лъахэ» («Территория гор») журналым и зи чэзу кьыщIэкIыгъуэр. Полиграфие лъагэм и марэхэм тету гъэпса журналым и иджырей кьыщIэкIыгъуэми итщ щIэджыкIакIуэхэр рэзэкIыхьэн, ди республикэм и щэнхабзэ, гъуэгурыкIуэм цIыкIу щхьэхуэхэми ятеуэуа хьыбар гъэщIэгъуэн куэд.

ЖУРНАЛЫР кьыззIуэуа ятеп напэкIэуцIым абы и редактор нэхъыщхьэ Къэжэр Еленэ щIэджыкIакIуэхэм зэрызаухуигъаза тхыгъэм кьыззрэщигъэпIэгъуэм ЖУ зэдзэ, къыдэжьыгъуэр нэхьыбэу тегъэпсыхьащ гъатхэм, абы и дахагъэм кьыдэуу гурыщIэхэмрэ щIэныгъэрэщIэж гурыIуэхэмрэ. «Къуршэм я лъахэр» фIыуэ зыIыгъуэхэм абы ирагъэтэнущ щэнейрэ Олимп Джэгуэгъэм, пщIэнейрэ дуней псом я чемпионхъуэ Роднина Ириней ди республикэм и кьалащхьэм щыщыIам гукъинэжи щыхьуахэр кьыщIиуэтэж тхыгъэ. «Ди лъэхэзэ щыIэ и лIыхъужь» рубрикер ухахащ кьегъэлакIуэу Іуащхьэмахуэ я лъапlэ щылажьэ Аххубеков Адэлбий, «Хьэпшыпхэм я гъащIэ кьеIуэкIыкI» пIанэпIэр топсэлъыхь щыкIэпшынэ адыгэ макъамэ Іэмэпсымэм. «Унагъуэ насыпым и щхьэ» фIэщыгъэлIэм щIэту журналым итщ КъБР-м щэнхабзэмрэ къыбарегъащIэ Іэнатlэхэмкlэ и министр икIи уэрэджэныкIуэ цIэрыIуэ Тут Заур и щхьэгъусэ Мадинэ и интервью, дуней псом кьыщыцIыхуу щыта къэфакIуэ гъуэзэджэ Эсамбаев Мыхьмуд, скульптор Молодоженин Леонид, уэрэджыныкIуэ щIалэ Хьэжжокъуэ СултIан сыиз ятеуэуа тхыгъэхэри, нэгъэщIэгъэн.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

Іуащхьэмахуэ япэ ищахэм ялъэщIэдгъэхьажынщ!

Тхьэмахуэ кIуам кьрикIуахэм япкъ иткIэ, «Урысейм и телъыджкъ 7» конкурсым щыпашэхэм Іуащхьэмахуэ яхэтыжкъым. Псори дызэрыгушхуэ щыгур зэпеуэм кьыщыкIэрыхуащ ди хэмыхуагъашм кьыхэкIыу. Иджы суперфиналистыр 14-м ящыщу Ипщэ Федеральнэ округым и цIыху нэхъыбэм Iэ щIаIэтар Мамай Іуащхьэмрэ Хэку-Анэм и фэеплъымрэщ. Дэ хьабжу дегугъу иджыри къэс конкурсым дыхэтащ икIи Іуащхьэмахуэ кьыкIэрыдмыгъэхуу екIуэкIащ. Зэпеуэр иухыным кьэнэжар мащIэ дыдэщ - мэкъуаугэгъуэм и 10-м щэджагъуэм нэсыхущ.

Япэми хуэдэу, Iэ фIэт хьунущ конкурсым и сайтым физхьэу **(www.ruschudo.ru)** е 4565 номерым жып телефонымкIэ SMS-хьыбар евгъэхьу. Тlум щыгъуэми финалым кIуа телъыджэ 14-м щыщу зэрыгъэ 7 кьыхэкIынущ. Абы нэхърэ нэхъыбэ е нэхъ мащIэ зэрыт хьыбархэр езыгъэхьэр Iэ зыIэтахэм хабжэнукъым.

Конкурсым и финалым кIуахэмрэ абыхэм я SMS-номерхэмрэ

Гейзерхэм я псыхъуэр - SMS 1
Байкал - SMS 9
Новосибирск и зоопаркыр - SMS 10
«Столбы» заповедникыр - SMS 12
Тобольск и кремлыр - SMS 15
Кунгурскэ бгъэунщIагъыр - SMS 22
Новгород Ищхьэрэ кьалэм и кремлыр - SMS 24
Петергоф - SMS 29
Кирилло-Белозерскэ кьулъшырыфыр - SMS 33
Мань-Пупу-Нер кьурш дапхъэм и мазаеу пкъохэр - SMS 34
Блаженный Василий и члисэр - SMS 38
«Вовнушки» чэщанэр - SMS 43
Мамай Іуащхьэмрэ Хэку-Анэм и фэеплъымрэ - SMS 45
Іуащхьэмахуэ бгыр - SMS 47

ХЬЭПЭ Маринэ,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапlэм и лэжьакIуэ.

Тарифхэм зэрыхагъахъуэр хабзэм къезэгъыркъым

Республикэм щыщекIуэ автобусхэм ирилажьэхэм щIыхуэхэм кьыIах гъуэгуанэм хагъахъуэу щIалэщIа. Абы теухуауэ КъБР-м Транспортымкlэ, связьмрэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ Бэрэгъун МуIэед. - Ижь дыдэу тарифхэм зэрыхэпlъэгъэ илъэсищым нэхъ щIэнкабзэмрэ зэхьэрокъуэ Сультlан сыиз ятеуэуа тхыгъэхэри, нэгъэщIэгъэн.

- ПСОМИкьагъэсбэп пассажир транспортыр зэпIэзырыгу лжьэнымкIэ тарифхэм мыкъэнэщхуэ яIэщ, - кьыджиIащ КъБР-м транспортымкIэ, связьмрэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ Бэрэгъун МуIэед. - Ижь дыдэу тарифхэм зэрыхэпlъэгъэ илъэсищым нэхъ щIэнкабзэмрэ зэхьэрокъуэ Iэнатlэхэмкlэ и министр икIи уэрэджэныкIуэ цIэрыIуэ Тут Заур и щхьэгъусэ Мадинэ и интервью, дуней псом кьыщыцIыхуу щыта къэфакIуэ гъуэзэджэ Эсамбаев Мыхьмуд, скульптор Молодоженин Леонид, уэрэджыныкIуэ щIалэ Хьэжжокъуэ Сультlан сыиз ятеуэуа тхыгъэхэри, нэгъэщIэгъэн.

КъБР-м Транспортымкlэ, связьмрэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ и министрым зыхуэфащэ документхэр ихъэщIыри, КъБР-м Тарифхэмкlэ и къэрал комитетым и деж игъэхащ. А документхэр щагъэхьэзырым кьалытащ транспортым и Iуэхутхъэбзэхэр социальнэ мыхьэнэ зиIэхэм зэращыщыр икIи абы кьыхэкIыу уасэхэм хэгъэхъуэнымкIэ мардэ нэхъ мащIэ дыдэхэр кьащтауэ аращ.

Мы зэманым щIыхуэхэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэр къыбгъэдэкIыжащ. Апхуэдэу щIыхуэхэр, ятеп, а пасэм кьалытэу, пассажирхэр кьезыпIэкIэр зэкIэ эмыльэдэну, КъБР-м и Правительствэм и унафэр кьыдэкIыжьынущ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Тарифхэм зэрыхагъахъуэр хабзэм къезэгъыркъым

Республикэм щыщекIуэ автобусхэм ирилажьэхэм щIыхуэхэм кьыIах гъуэгуанэм хагъахъуэу щIалэщIа. Абы теухуауэ КъБР-м Транспортымкlэ, связьмрэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ Бэрэгъун МуIэед. - Ижь дыдэу тарифхэм зэрыхэпlъэгъэ илъэсищым нэхъ щIэнкабзэмрэ зэхьэрокъуэ Iэнатlэхэмкlэ и министр икIи уэрэджэныкIуэ цIэрыIуэ Тут Заур и щхьэгъусэ Мадинэ и интервью, дуней псом кьыщыцIыхуу щыта къэфакIуэ гъуэзэджэ Эсамбаев Мыхьмуд, скульптор Молодоженин Леонид, уэрэджыныкIуэ щIалэ Хьэжжокъуэ Сультlан сыиз ятеуэуа тхыгъэхэри, нэгъэщIэгъэн.

КъБР-м Транспортымкlэ, связьмрэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ и министрым зыхуэфащэ документхэр ихъэщIыри, КъБР-м Тарифхэмкlэ и къэрал комитетым и деж игъэхащ. А документхэр щагъэхьэзырым кьалытащ транспортым и Iуэхутхъэбзэхэр социальнэ мыхьэнэ зиIэхэм зэращыщыр икIи абы кьыхэкIыу уасэхэм хэгъэхъуэнымкIэ мардэ нэхъ мащIэ дыдэхэр кьащтауэ аращ.

Мы зэманым щIыхуэхэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэр къыбгъэдэкIыжащ. Апхуэдэу щIыхуэхэр, ятеп, а пасэм кьалытэу, пассажирхэр кьезыпIэкIэр зэкIэ эмыльэдэну, КъБР-м и Правительствэм и унафэр кьыдэкIыжьынущ.

КъБР-м Транспортымкlэ, связьмрэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ и министрствэм и пресс-Іуэхущапlэм.

Си еджапIэ - си къежьапIэ

Пщlэ лей цlыхум щыхуащlри цlэ лъапlэ щlыхуагъэфащэри и акъылым, щlэныгъэм къитlэсу иубзыхуф лэжьыгъэмкlэ, lуэху дахэхэмкlэ, гъащlэм хилъхьэ гуапагъэмкlэ адрей псоми къащхьэщокl, къахожаныкlри аращ. Зи гугъу тщlы зэфlэкl гъуэзэджэхэм хуэдэ и lэужьщ зи лэжьыгъэм хьэлэлу бгъэдэт Албот Людмилэ. Ар Бахъсэн куейм егъэджэныгъэмкlэ и lуэхущlапlэм адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и методисту илъэс зыбжанэ хъуауэ мэлажьэ.

Зэманыр Iуэхуклэ егъэнщIыф

● Щапхъэ

ЛЮДЭ егъэджакlуэщ, гъэсакlуэщ икlи ущиякlуэщ. Уеrупсысмэ, мыхэр lэщlагъэ пхуэхъуа lэнатlэм епха лэжьыгъэ къудейкъым, атlэ псом япэу къалэн лъапlэщ. И лэжьыгъэм къызэщlиубыдэ псор нықъусаныгъэншэу зэригъэзащlэм и мызакъуэу, Алботыр цlыху гуапэщ, набдзэгубдзаплъэщ, зэхэщlыкl куу зыбгъэдэлъщ. Жыпlэнурамэ, зи гъащlэр егъэджэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ езыпха лэжьакlуэхэр фlым дыхуеунэтl, lуэхугъуэ гуапэмрэ гупсысэ дахэмрэ дыхуеузэщl.

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министерствэм, ди lэнатlэм пыщlа нэгъуэщl lуэхущlапlэхэм къыхалъхьэ жэрдэм зэмылlэужьыгъуэхэр Бахъсэн куейм и курыт еджапlэхэм щегъэкlуэкlыным и гуащlэшхуэ хелъхьэ Людэ. Апхуэдэу илъэс зыбжанэ хъуауэ «Адыгэ псалъэ» республикэ газетым къыхилъхьауэ ди щlыпlэм щекlуэкl «Си бзэ - си псэ, си дуней» фестивалым ди куейм и школхэр жыджэру зэрыхэтам Алботым и фlыщlэ куэд хэлъщ. Ди гуапэ зэрыхъунщи, еджэгъуэм екlуэкlа республикэпсо зэхьэзэхуэхэм хэтащ Бахъсэн куейм и егъэджакlуэ эхэри. Тхылъеджэхэм я махуэм ирихьэлlэу республикэм щекlуэкlа «Сэ седжэн сфlэфlщ» зэпеуэм тхыгъэ нэхъыфl дыдэхэр хуэзыгъэхьэзырауэ къабжащ ди еджакlуэ цlыкlухэр. Аращ абыхэм япэ увыпlэхэр къыщlратари. Зыхэщlэгъуэу усэ къеджэнми пэрыт щыхъуащ ди гъэсэнхэр.

Албот Людмилэ.

Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэм, Адыгэ тхыбзэм и махуэм, ди лъэпкъ тхьэмадэ lумахуэ, адыгэ lуэрылуатэм и жьантlэдэс Къардэнгъущl Зырамыку и ныбжьыр илъэс 90 зэрырикъ ум ху эгъэпса lуэхугъуэ дахэ куэд щекlуэкlащ ди куейм и еджапlэхэм. А lуэхуфlхэм я къызэгъэпэщакlуэ, жэрдэмщlакlуэ хъуари Албот Людмилэщ. Методист lэзэм егъэджакlуэхэм ди лэжьыгъэр къызэщlекъуэж, ахэр едж, и фlыпlэхэр къехутэри, утыкушхуэхэм кърелъхьэ.

«Къару щыlэкъым, гуащlэдэкlым хуэдэу цlыхум и зэфlэкlыр наlуэ зыщl», - жиlауэ щытащ Шортэн Аскэрбий. Ар пэжщ. Апхуэдэ гуащlэ бгъэдэлъщ иджыпсту Албот Людмилэ. Ар елъагъу абы дэлажьэ, lуэхукlэ бгъэдыхьэ дэтхэнэми. Ди гуапэщ а къарум хэмыщlу, и зэфlэкlым нэ хъри хигъахъуэу, дэlэпыкъу эгъуфlу, чэнджэщэгъуфlу иджыпс ту дызэриlэм хуэдэу, и лэжьыгъэм и хьер илъагъуу куэдрэ псэну.

зэпеуэм и тыгъэ нэхъ лъапlэ дыдэр зыхуагъэфэщари Людэ и нэlэм щlэту Хьэтlохъущыкъуей къуажэм адыгэбзэр щезыгъэджхэрщ. Къинэмыщlауэ, ди куейм анэдэлъхубзэ щезыгъэдж егъэджакlуи 9-рэ ди гъэсэнхэм ящыщу еджакlуэ 11-рэ фестивалым и лауреат хъуащ.

Апхуэдэу республикэм, Бахъсэн куейм щекlуэкl олимпиадэхэм ди ныбжьыщlэхэм увыпlэфlхэр къыщахьащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, адыгэбзэмкlэ ябгъэдэлъ щlэныгъэм и кууагъыр къыщахута зэпеуэм ди куейм икlа еджакlуэ цlыкlухэр нэхъыфl дыдэу къыщалъытащ. А текlуэныгъэхэр егъэджакlуэхэмрэ абыхэм я унэтlакlуэ гумызагъэмрэ я лэжьыгъэ купщlафlэм и lэужьщ.

Гурыlу эгъуэщ, уи щlэныгъэм хыумыгъахъуэмэ, зэбгъэгъуэта зэфlэкlым зумыгъэукъуэдиймэ, лъэхъэнэм узэрылъэщlэмыхьэнур. Мы гупсысэр я гъуазэу мы гъэ

Бахъсэн куейм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджхэр.

ЩIэныгъэм и хэщIапIэщIэ

Прохладнэ куейм щыlэ Алътуд къуажэм и ныбжьыщlэхэм гъэ еджэгъуэр къыщаух абыхэм иджы дыдэ къыхузэlуаха курыт школыщlэм. Тlысыпlэ 480-рэ зиlэ школыр цlыху мини 6 зыдэс жылэшхуэм и етlуанэ еджапlэщ. Къуажэм школитl зэрыдэтым абы и еджакlуэ цlыкlухэм lэмал къаритащ зы сменэу еджэну. Ар куэд лъандэрэ псори зыщlэхъуэпст.

КЪАТИЩУ зэтет еджапlэм и ухуэныгъэм сом мелуан 70-м нэс текlуэдащ, абы щыщу сом мелуани 9-р республикэ бюджетым къыхэкlащ, адрейр - федеральнэ мылъкущ. Сабийхэр щеджэн классу 30, зыхуеину lэмэпсымэхэмкlэ ирикъуу къызэгъэпэща спорт залышхуэ, гуфlэгъуэ зэlущlэхэр, махуэшхуэхэр егъэкlуэкlыным хухэха пэш щхьэхуэхэр иlэщ мы еджапlэм. Апхуэдэу школыщlэм хэтщ компьютер, лингафон, хореографие, технологие кабинетхэри.

Гуфlэгъуэм иращlэкlа зэlущlэм кърихьэлlащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, КъБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ я лlыкlуэхэр. Ди республикэр, Урысей псор цlэрыlуэ зыщlын ныбжьыщlэ куэд къащlэхъуэну къызэхуэсахэм ехъуэхъуа нэужь, Къанокъуэм жиlащ иджыри зы компьютер класс школым къыщызэрагъэпэщын папщlэ, оргтехникэ пэрыткlэ еджакlуэ цlыкlухэм къазэрыхуэупсэнур. Ар гуапэ лей ящыхъуащ зэlущlэм къекlуэлlа псоми: къуажэ администрацэм и lэщlагъэлlхэм, егъэджакlуэхэм, еджакlуэ цlыкlухэм, абыхэм я адэ-анэхэм, жылэм дэс нэхъыжьыфlхэм. Школыщlэм нэгъуэщl тыгъэ лъапlэхэри къыхуащlащ. Апхуэдэу «Риал» концерным и унафэщl Абэзэхэ Хьэдис «Жигули» машинэ псынщlэ щlэрыпсым и lункlыбзэlухыр еджапlэм и унафэщlым lэщlилъхьащ, компьютер хэмрэ школ библиотекэм папщlэ тхылъхэмри къахуищэхуну къигъэгугъащ.

Гуфlэгъуэ зэхуэсым кърихьэлlа хьэщlэ лъапlэхэм хуиту къаплъыхьащ еджапlэщlэм и кlуэцlыр, абы и кабинетхэм я лэжьэкlэм щыгъуазэ защlу. Гуфlэгъуэр махуэшхуэ джэгукlэ иухащ.

ТАМБИЙ Линэ.

Республикэм lэтауэ щагъэлъэпlащ Текlуэныгъэ Иныр къызэрахьрэ илъэс 63-рэ зэрырикъуар. Ди еджапlэ-гъэсапlэ хэми а гуфlэгъуэр lэтыным хэлъхьэныгъэфl хуащlащ. Бахъсэн къалэм дэт курыт еджапlэ №8-м иджыблагъэ щекlуэкlа зэlущlэ дахэри зыхуэгъэпсауэ щытар накъыгъэм и махуэ нэхъ лъапlэ дыдэрт. Апхуэдэуи абы ирырагъэгъэхьэлlащ лlыхъужьыгъэ ин къигъэлъагъуэу Афганистаным къулыкъу щызыщlа икlи абы щекlуэкlа зауэм хэкlуэда Апэнэс Алим Хьэзрэlил и къуэм и фэеплъ пхъэбгъу къызэlухыныр, мывэ сын хуэгъэтlылъыныр.

● Хэкупсэ гъэсэныгъэ

ЗэIущIэм къеблэгъа хьэщIэхэр.

ЛIыхъужьхэм я щIыхькIэ

ЗЭlУЩlЭМ цlыху куэд кърихьэлlат. Абыхэм яхэтт КъБР-м и Парламентым и депутат **Пекъу Светланэ**, Бахъсэн къалэ администрацэм и lэтащхьэм и къуэдзэ **Хьэщпакъ Сулътlан**, Егъэджэныгъэмкlэ къалэ департаментым и унафэщlым и къуэдзэ **Мэлей Лидэ**, абы и лэжьакlуэ **Къэзэр Тае**, Апэнэс Алим и къуэшхэр, lыхьлыхэр, ныбжьэгъуу иlахэр, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэу **Джэрыджэ lэбубэчыр, Гъущlапщэ Абдулыхь, Леонтьев Афанасий, Мухортов Иван** сымэ, къалэ военкоматым и лlыкlуэхэр, жылагъуэм и цlыху пэрытхэр.

Школым и унафэщl **Аджий Хьэсэн**, егъэджакlуэхэмрэ еджакlуэхэмрэ къызэрагъэпэща зэхыхьэ купщlафlэр, зэрыжаlэщи, lыхьитlу зэщхьэщыхауэ екlуэкlащ. Япэр теухуауэ щытащ Хэку зауэшхуэм бахъсэндэсхэм щызэрахьа лlыхъужьыгъэмрэ абыхэм Текlуэныгъэм хуащlа хэлъхьэныгъэмрэ. Зауэм хэкlуэдахэм дакъикъэкlэ щыму псори хуэщыгъуа нэужь, ветеранхэм гуапэу ехъуэхъуащ зэlущlэм къекlуэлlа псори. Мы курыт еджапlэм илъэс зыбжанэ лъандэрэ лъэныкъуэ куэдкlэ щlэгъэкъуэн къыхуэхъу «Къэббалъкъресурс» акционер зэгухьэныгъэр ветеранхэм ахъшэ саугъэткlэ яхуэгуэпащ. Абы и ужькlэ ветеранхэм фlыщlэ псалъэкlэ зыхуагъэзащ мыпхуэдэ зэlущlэ гуапэ къахузэзыгъэпэща егъэджакlуэхэмрэ еджакlуэхэмрэ, гулъытэрэ пщlэрэ къахуэзыщlа псоми. Абыхэм ныбжьыщlэхэр къыхураджащ къыщалъхуа Хэкур фlыуэ ялъагъуу, лъэпкъ хабзэ дахэхэр яхъумэу псэуну, узыншагъэрэ насыпрэ яlэну. Нэхъыжьыфlхэм зауэм къыщагъэлъэгъуа хахуагъэм теухуа уэрэдхэр, усэхэр еджакlуэ цlыкlухэм утыкум екlуу щагъэlуащ.

Адэкlэ зэlущlэм къекlуэлlахэм ягу къагъэкlыжащ зи цlэр я къуажэ уэрамхэм ящыщу нэхъ дахэм зэрихьэ Апэнэс Алим, абы зрихьа лlыхъужьыгъэр, иlа lуэхущlафэхэмрэ lэужьхэмрэ тепсэлъыхьыжащ. Апэнэсым и фэеплъ мывэм щхьэтепхъуэр трахыну хуагъэфэщащ Хэку зауэшхуэм и ветеран **Гъущlапщэ Абдулыхьрэ** Алим и классэгъуу щыта икlи Афганистаным къулыкъу щыдэзыщlа генерал-майор **Бахъсэн Хьэсаншрэ**.

Школым и еджакlуэ цlыкlухэм мы зэlущlэр гукъинэ зэращыхъуам шэч хэлъкъым. Еплlанэ классым щеджэхэр а махуэм яхыхьащ Апэнэс Алим и цlэр зезыхьэ пионер гупым. Пионерием и нэщэнэр - галстук плъыжьыр - цlыкlухэм дапхащ **Бахъсэн Хьэсаншрэ Пекъу Светланэрэ**. Еджакlуэ цlыкlухэм нэхъыжьхэр ягъэгугъащ Хэкум хуэпэжыну, я лъэпкъ хабзэхэр яхъумэну, еджэнкlэ, лэжьэнкlэ къатекlуэ щымыlэным хущlэкъуну.

Щыгъуэ дакъикъэ.

Гуфlэгъуэ зэlущlэр и кlэм щынэсым, 5 - 6-нэ классхэм щеджэ ныбжьыщlэхэм Хэку зауэшхуэм хэкlуэдахэм, Апэнэс Алим, КъБР-м и япэ президенту щыта Кlуэкlуэ Валерэ сымэ я фэеплъ сынхэм удз гъэгъахэр тралъхьащ. Абы и ужькlэ зэхуэсым кърихьэлlахэр еджапlэм и унафэщlым иригъэблэгъащ а махуэшхуэм абы къыщызэlуаха «Адыгэ унэ» этнографие музейм. Хьэщlэхэм яфlэгъэщlэгъуэну щыгъуазэ защlащ егъэджакlуэхэмрэ абыхэм я гъэсэнхэмрэ музеищlэм хузэхуахьэса экспозицэхэм. Апхуэдэхэт адыгэ жьэгур, мывэ щхьэл цlыкlур, арджэн зэхуэмыдэхэр, лъэпкъ фащэхэр, адыгэхэм ди тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ къызыхэщ нэгъуэщl хьэпшыпхэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Унагъуэ

КъежьапIэ

«Тхьэмадэр унагъуэм и щхьэщ, унэгуащэр и псэщ, быныр и насыпщ!» - жаlэ адыгэхэм. Зымыщlэ щыlэу къыщlэкlынкъым унагъуэр зищlысыр. Лъыкlэ зэгухьэу, зэблагъэу зэдэпсэу цlыху гупу зэрыщытым и мызакъуэу, ар къэралыр зэрызэхэлъ lыхьэщ, дэтхэнэ лъэпкъми и гъащlэм, и псэукlэм и къежьапlэщ, къытщlэхъуэ щlэблэм зыщиузэщlщ, абы и хьэл-щэныр, гупсысэкlэр щызэфlэувэ щlыпlэщ.

УНАГЪУЭМ жылагъуэм щиlэ мыхьэнэр ныбжьыщlэхэм къагурыдгъэlуэн мурадкlэ, курыт еджапlэхэм щылажьэхэм абы хуэунэтlа лэжьыгъэ щхьэпэ зэфlыдох. Псом япэрауэ, абыхэм щапхъэу къахудохь нэхъыжьыфl зэрыс унагъуэхэр, абыхэм илъ хабзэ дахэхэр наlуэ къэтщlурэ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, дэтхэнэ зы хабзэри къыщежьэр унагъуэм и дежщ. Аращ, дауи, къызытекlар «Унэм зыщыгъаси, хасэм яхыхьэ» адыгэ псалъэжьри.

Сэ сызэреплъымкlэ, унагъуэ узыншэм и лъабжьэр зи гугъу сщlа нэхъыжьыфlымрэ унагъуэм ис адрей нэхъыщlэхэмрэ яку дэлъ нэмысырщ. Зым и щхьэ адрейр ирилъытыныр, ин хъуам цlыкlуу зэрыщытар, цlыкlур ин зэрыхъунур сыт щыгъуи ищlэныр зэхущытыкlэхэм я щlэдзапlэ хъун хуейщ. Быныфl къыщlэхъуэну щlэмыхъуэпс адэ-анэ щыlэкъым, апхуэдабзэуи бынри адэ-анэфl хуейщ. Фlы псори цlыхум зыхилъхьэу щыщlидзэр унагъуэрщ. Унагъуэм быным щиубыд увыпlэм теухуауэ еджакlуэхэм яжыдоlэ Къэзанокъуэ Жэбагъы и lущыгъэхэм ящыщ. Хъыбархэм къызэраlуатэмкlэ, Жэбагъы зы къуэ фlэкlа зэримыlэр благъэхэми ныбжьэгъухэми я жагъуэт. «Тlу хъуамэ, зы къамэ и дзитlу зэкъуэтынт», - жаlэрт абыхэм. «Ар фlы хъумэ, сэ къуэуэ срикъунщ, lей хъумэ, зэрыжылэу тхурикъунщ», - жэуапу итыжырт адэм. Адэ-анэм я дежкlэ нэгъуэщl насып щыlэкъым, гъэсэныгъэ тэмэм зыхэлъ щlэблэ къащlэувэным нэхъапэ. Аращ «Быныр насыпщ», «Былым къыпщlын нэхърэ, бынымфl къыпщlын» щlыжаlэр.

Унагъуэр лъэщ зыщlыр, абы жылагъуэм пщlэрэ нэмысрэ къыщыхуэзыхьыр абы илъ щэнхабзэрщ. «Сыт ар зищlысыр?» - жыпlэмэ, зыгурыбгъаlуэ хъунущ мыпхуэдэу. Унагъуэм ис псоми цlыхугъэ яхэлъу, фlыщlэ ящlыфу, нэгъуэщlым фlы хуащlэн щхьэкlэ езыхэм зыгуэрым зыхуагъэныкъуэфу, бзэ lэфlу нэхъыжьым пщlэ хуащlу, нэхъыщlэр фlыуэ ялъагъуу, шыlэныгъэ яхэлъу щытынырщ унагъуэ щэнхабзэкlэ зэджэжыр. Абы и фlыпlэхэр щытепщэ унагъуэр быдэщ, лъэщщ. Апхуэдэ гъэсэныгъэм лъабжьэ хуэщlыпхъэ псалъэжьхэр, жыlэгъуэхэр, ущиехэр гъэсапlэ-еджапlэхэм, псом хуэмыдэу езы унагъуэм щlэх-щlэхыурэ къыщыгъэсэбэпыпхъэщ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщlэ, «Унагъуэм унафэ щызыщlыр нэхъыжьырщ», «Унагъуэм ис нэхъыщlэхэр зыгъасэр, зэдаlуэр нэхъыжьырщ», «Нэмыс зэрылъ унагъуэм бынхэр анэшхуэ-адэшхуэхэм щадэшхэркъым», «Адэанэм япэпсэлъэжыныр, жаlэр мыгъэзэщlэныр, абыхэм унафэ яхуэщlыныр емыкlушхуэщ», «Нэхъыжь и псалъэ тlу ящlыркъым», «Нэхъыжь гъуэгу техьауэ кlэлъыджэркъым», «Нэхъыжь и гъуэгу зэпаупщlыркъым», «Нэхъыжьым и псалъэ зэпаудыркъым», «Хьэщlэм угъурлыгъэ къыдокlуэ», нэгъуэщlхэри.

Мы ущиехэм ящыщ дэтхэнэми ди лъэпкъ хабзэм и фlыпlэр, куупlэр къыщыгъэлъэгъуащ, ахэр гъэсэныгъэ тэмэмым ухуэзышэ гъуазэщ. «Щlэблэм ебгъэлъагъур и гъуэгущ» жиlащ пасэрейм. Лъэпкъым и къэкlуэнур, и пщэдейр фlы хъунуми lей хъунуми зэлъытар дэ нэхъыжьхэрауэ щыщыткlэ, щlэблэр хабзэ-нэмысым щlэгъэджыкlыным ди гупсысэр, ди акъылыр теухуауэ щытыпхъэщ.

lуащхьэмахуэ хуэдэу ирелъагэ ди унагъуэхэм илъ лъэпкъ хабзэ дахэхэр, ди нэхъыжьхэм яхуэфащэ щlэблэ насыпыфlэ къырырехъуэ абыхэм!

ШЫБЗЫХЪУЭ Фатlимэ, *егъэджакlуэ.*

● ДифI догъэлъапIэ

ЩIэблэм я щапхъэ

Накъыгъэ мазэр мыхьэнэшхуэ зиlэ махуэшхуэхэмкlэ гъэнщlащ. Апхуэдэхэщ Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ, Текlуэныгъэ Иным, Адыгэхэм я фэеплъ, Иужьрей уэзджынэм я махуэхэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри къытщlэхъуэ щlэблэм хэкупсэ гъэсэныгъэ хэлъхьэнымкlэ lэмал гъуэзэджэщ. Апхуэдэ махуэхэм къыхузэрагъэпэщ зэхыхьэхэм я фlыгъэкlэ щlэблэм зыхащlэ лъэпкъым и тхыдэр джыным абы и къэкlуэну дахэм лэжьыгъэфlхэр хуэгъэпсыным я мыхьэнэр.



ЦIыпIынэ Хьэсэнбий.

МАЛКЭ къуажэм къыдэхъуэ щlалэгъуалэм я дежкlэ щапхъэщ, къапщтэмэ, Хэку зауэшхуэм лlыхъужьыгъэ къыщызыгъэлъагъуэу хэта ди нэхъыжьыфlхэр. Мафlэ лыгъейм кlуэцlрыкlыу Текlуэныгъэ Иныр къэралым къыхуэзыхьахэм ящыщу нобэ ди жылэм куэд дэсыжкъым. Зауэм къраха фэбжьхэм ахэр ихьащ имычэзууэ. Езыхэр мыпсэужми, абыхэм зэрахьа лlыгъэм щыгъуазэ дощl ди еджакlуэ цlыкlухэр, зауэлl хахуэу щытахэм я зауэ гъуэгуанэр къызыхэщыж дэфтэрхэмрэ сурэтхэмкlэ гъэнщlащ илъэс зыбжанэ и пэкlэ ди школым къыщызэдгъэпэща Зауэлl щlыхьым и музейр. Абы щlэх-щlэхыурэ егъэджакlуэхэм щыдогъэкlуэкl зауэм, лэжьыгъэм я ветеранхэмрэ еджакlуэхэмрэ я зэlущlэхэр.

Малкэ нобэ ветерану дэсыжыр ЦlыпIынэ Хьэсэнбий и закъуэщ. Абы и дежкlэ накъыгъэр мазэ нэхъ лъапlэ дыдэхэм ящыщщ: абы хеубыдэ Текlуэныгъэм и махуэшхуэри езыр къыщалъхуа махуэри. Мы гъэм абы и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирикъуащ. И махуэшхуэхэмкlэ ехъуэхъуну, зауэ хъыбар жрагъэlэжыну нэхъыжьыфlым и унэм щlэхщlэхыурэ щызэхуос еджакlуэ цlыкlухэр. Хьэсэнбий зи гъащlэр хэкур, къыщlалъхуа щlыналъэр зэlузэпэщ щlыным теухуа хэкулlхэм зэращыщым ирогушхуэ абы и къуажэгъу псори. Ар и гъащlэ блэкlам щытепсэлъыхьыжкlэ, и нэгум къощ абы дзыхь къыхуащlа lэнатlэхэм и къару емыблэжу зэрыпэрытар, ар зауэ губгъуэ ирехъу е гуащlэдэкl лэжьыгъэу щрет.

ЦlыпIынэр зауэм щыкlуам илъэс 18 хъуа къудейуэ арат. Япэ щlыкlэ ар Кавказ Ищхъэрэм щекlуэкl фронтщlыб лэжьыгъэхэм хэтащ. Ар lэпкълъэпкъкlэ нэсу зэрымыубыда щlалэ цlынэм и дежкlэ, дауи, хьэлъэт щlытlхэр ухуэныр, ауэ абы нэхъыжьхэм закъыкlэригъэхуртэкъым. Иужькlэ ЦlыпIынэр 226-нэ дивизэм и зауэлl хъуащ, куэд дэмыкlыуи абы связымкlэ и 11-нэ бригадэм щыщ взводым и унафэщlу ягъэуващ, лейтенант нэхъыщlэ цlэр къыфlащри.

- Дзэхэм я зэхуаку зэпыщlэныгъэ тэмэм дэлъыныр зауэ зэманым мыхьэнэшхуэ зиlэ lуэхут, - игу къегъэкlыж Хьэсэнбий. - Си зауэлl гупым ялъэкl къагъанэртэкъым я пщэрылъ lуэхухэр нықъусаныгъэншэу зэфlагъэкlынымкlэ. Дэ зэпытщlэрт Кавказ Ищхъэрэм щызауэ дзэхэр.

Бийм и шэ къытелъалъэм щхьэкlэ къэмынэу, зэкъым икlи тlэукъым Хьэсэнбий телефон кlапсэхэр зэриукъуэдияр, зэпычахэр зэрызэпищlэжар. Зэгуэрым, Ейск къалэм и lэшэлъашэм зауэ гуащlэхэр щекlуэкlыу, ЦlыпIынэр уlэгъэ хьэлъэ хъуащ. Абы и ужькlэ ар фронтым lуагъэхьэжакъым, ауэ зауэ lэнатlэм lутхэм хузэфlэкlымкlэ тылым защыщlигъэкъуащ.

Зауэ нэужьым ЦlыпIынэм къигъэзэжащ щалъхуа и къуажэм. Абы и бгъэгум щылыдырт зауэшхуэм щызэрихьа лlыгъэхэр къэзыгъэлъагъуэ орденхэмрэ медалхэмрэ. Апхуэдэхэт Хэку зауэшхуэм и орденым и II нагъыщэр, «Кавказыр зэрахъумам папщlэ», «И зауэ зэфlэкlхэм папщlэ» дамыгъэхэр, нэгъуэщlхэри.

Мамырыгъэр ди щlэблэм къахуэзызэуа нэхъыжьыфlыр Текlуэныгъэшхуэм и дамыгъэ лъапlэу къалъытэ ди еджакlуэ цlыкlухэм. Куэдрэ псэуну, къыщlэхъуэ ныбжьыщlэхэм я насып илъагъуну ди гуапэщ ЦlыпIынэм.

ЩХЬЭНЫКЪУЭ Мусэбий, *Малкэ дэт курыт школым и егъэджакlуэ.*

Мальвинэ дахащэрэ Буратинэ Iущрэ

Шэрэдж куейм хыхьэ Къэщкъэтау къуажэм дэт «Нур» сабий сад - пэщlэдзэ еджапlэм, Чеченовэ Танзилэ зи унафэщlым, и лэжьакlуэхэм гъэсэныгъэ-егъэджэныгъэ lуэху купщlафlэ зэфlах. Иджыблагъэ абы къыщызэрагъэпэщащ «Тхылъым и дуней» джэгу-зэпеуэ дахэр. Сурэтым щыволъагъу ар езыгъэкlуэкlахэу таурыхъым къыхэкlа Мальвинэ дахащэрэ Буратинэ lущрэ.

Сурэтыр **КIУАЩ Хьэутий** *трихащ.*

● Школ гъащIэ

«Лъахэм и тхыдэ»

НАЛШЫК дэт 32-нэ курыт школым щекlуэкlащ «Лъахэм и тхыдэ» зыфlаща зэlущlэ. Ар ехьэлlат лъэхъэнэ щхьэхуэхэм кърикубыдэу адыгэ лъэпкъыр и хуитыныгъэм зэрыщlэбэна щlыкlэм, абы къыдэгъуэгурыкlуа хабзэхэмрэ lуэрылуатэхэмрэ, хамэ къэралыгъуэхэм сыт хуэдэ зэманми хуаlа пыщlэныгъэхэм. Зэlущlэр къызэзыгъэпэща егъэджакlуэхэмрэ еджакlуэхэмрэ тепсэлъыхьащ дуней псом тегуэша хъуа ди лъэпкъэгъухэм теухуауэ ди республикэм къыщыдэкl тхылъхэм, газетхэмрэ журналхэмрэ къыщаlэта lуэхугъуэ щхьэпэхэм. Зэхыхьэм кърагъэблэгъат Хэку зауэшхуэм хэта ветеранхэри. Ахэр ныбжьыщlэхэм ядэгуэшащ я гукъэкlыжхэмкlэ икlи яущиящ Хэкур, лъахэр хъумэныр дэтхэнэ зы цlыхумкlи къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытым теухуауэ. Зэхуэсым кърихьэлlахэм папщlэ екlуэкlащ lыхьэ зыбжанэу зэхэт литературэ-музыкэ теплъэгъуэхэр, лъахэм теухуа усэхэм къеджащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● ГушыIэхэр

ЗэпокIуэж

- Мамэ, lэминат си джанэр зэрызэфlэстхъар къыбжиlэжа?

- Хьэуэ.

- Хъунщ-тlэ, абы щыгъуэм сэри тепщэчыр зэрикъутар бжесlэжынкъым.

Сэри сывгъакIуэ

Хьэзрэт цlыкlу и адэм еупщlащ:

- Папэ, мо дадэр махуэ къэс щхьэ тетlысхьэпlэм тес?

- Ар пенсэ кlуащ, лажьэми мылажьэми хъунущ, - итащ жэуап адэм.

- Абы щыгъуэ сэри сабий садым нэхърэ пенсэм сыбгъэкlуамэ, нэхъ къэсщтэнут.

ЗэпыщIыкIи зэфIэкIащ

Былэ цlыкlу гуфlэжу къыщlэлъэдэжри, иlыгъ кlэнфетхэм ящыщ зы и шыпхъум иритащ.

Ар зыфlэмащlэ хъыджэбз цlыкlум иджыри зы къритыну и дэлъхум щелъэlум:

- А уэстар зэпыщlыкlи тlу хъуркъэ? - жиlащ Былэ.

ЩIымахуэ зэман

Егъэджакlуэр ныбжьыщlэхэм йоупщl:

- Сэ сопсчэ. Уэ уопсчэ. Ар мапсчэ. Сыт хуэдэ зэманым ит ахэр?

- Щlымахуэ зэманым, - къыхэкlиикlащ Инал.

Классым дыщIэсщ

Географиемкlэ дерс екlуэкlырти, егъэджакlуэм щlалэ цlыкlум компас иритри, жриlащ:

- Иджыпсту дыздэщыlэр къащlэт.

- Классым дыщlэсщ, сыт абы щхьэкlэ компас зэрысщlынур, - итащ жэуап щlалэ цlыкlум.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и къалэн нэхъыщхьэхэр

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд *(Налшык)*, СтIащ Зухьер *(Дамаск)*, Ажахъуэ Къанцобий *(Налшык)*.

Лъэпкъ Iуэху

ДУНЕЙПСО Адыгэ Хасэм и Iуэхузехьэхэм я зи чэзу зэIущIэу Налшык щекIуэкIар къыщызэIуихым, ДАХ-м и тхьэмадэ, КъБКъУ-м и профессор **Дзэмыхь Къасболэт**исполкомым хэтхэр зыхэплъэну Iуэхухэм я гугъу ищIащ, къэрагъэблэгъахэм я цIэ къриIуащ. ЗэIущIэм къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я зэфIэхыкIэ хъунум хуалъагъу Iэмалхэмкlэ ядэгуэшэн мурадкIэ, зэIущIэм кърихьэлIат Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтымрэ КъБКъУ-мрэ я лэжьакIуэхэу **БищIо Борисрэ Абазэ Албэчрэ, Хьэмдэхъу Анзор,**нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу хамэ къэралхэм къикIыж ди лъэпкъэгъухэм хабзэм тету ди щIыналъэм я лъэр щыувыжыным хэлъ лъэпощхьэпохэм я хэкIыпIэр жрагъэIэн папщIэ, зэIущIэм кърагъэблэгъащ УФ-м и Миграцэ IуэхущIапIэм КъБР-м щиIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэу **Жылэхьэж Артуррэ Щэныбэ Залымджэрийрэ**

ДАХ-м и тхьэмадэм Iуэху гуапэкIэ я лэжьыгъэм пищащ. Абы утыку къригъэблэгъащ хы ФIыцIэ Iуфэм щыпсэу адыгэхэм (шапсыгъхэм) я Хасэм и тхьэмадэ **КIэкIыхъу Мэжид** икIи хасащхьэм хэтхэм я унафэкIэ абы иритащ ДАХ-м и дамыгъэ лъапIэмрэщIыхь тхылъымрэ, ар илъэс 16-м щIигъуауэ гуащIафIэу адыгэ Iуэхум зэрыхэлэжьыхьымрэ и ныбжьыр илъэс 50 зэрырикъуамрэ папщIэ. ДАХ-м и дамыгъэм нэхърэ нэхъ лъапIэ къыхуагъэфэща псом зэрыхэмытыр, адэкIи лъэкI къимыгъанэу лэжьэну зэрыхьэзырыр Мэжид и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и нэIэ щIэт Iуэхугъуэхэм щыщщ абы къызэщIиубыдэ хэгъуэгу, къэралхэм щыIэ Хасэхэм я лэжьыгъэр къыпщытэныр, я IуэхущIафэхэр иунэтIыныр. Апхуэдэу абы ипкъ иткIэ ДАХ-м и Iуэхузехьэ гупым нэгъабэ бжьыхьэм щIиплъыкIащ Сирием, Иорданием, Тыркум щыIэ Адыгэ Хасэхэм я нэхъыбэр къызэщIэзубыдэ «Каффед» зэгухьэныгъэм и лэжьэкIэр. Иджырей зэхуэсым къыщапщытар Къэрэшей-Шэрджэсым щыIэ Адыгэ Хасэрщ. ДАХ-м и гъэзэщIакIуэ гупым и пащхьэ къыщыпсэлъащ КъШР-м щыIэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Шэрджэс Мухьэмэд**.

- Нобэ зи лэжьыгъэр щIэфплъыкI Къэрэшей-Шэрджэс Адыгэ Хасэр къызэрагъэпэщащ 1989 гъэм. ДэркIэ щIыхьу къыдолъытэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и хэщIапIэр зэхуэсыгъуитIкIэ Черкесск къалэм зэрыщыIар, дрогушхуэ адыгэ Iуэхум зэрыхэлэжьыхьым. Щыху 25 зыхэт хасащхьэм и зэIущIэхэм къыщаIэтащ икIи зэпкърахыхьауэ щытепсэлъыхьащ адыгэбзэр хъумэным, ар джэным икIи егъэфIэкIуэным, щэнхабзэр къэIэтыным, адыгэ щIалэгъуалэр спортым, щIэныгъэм, лъэпкъ хабзэхэм щIэпIыкIыным, нэгъуэщIхэми теухуа Iуэхугъуэхэр, - жиIащ Мухьэмэд.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и дамыгъэр Дзэмыхь Къасболэт КIэкIыхъу Мэжид ирет.

Абы къыхигъэщащ «Меркурий» фирмэр къызэзыгъэпэща, адыгэхэм защIэгъэкъуэнымкIэ куэд зыщIа Дер Станислав къыщалъхуа махуэм и щIыхькIэ нэгъабэ гъэмахуэм Черкесск щыщ адыгэ щIалэгъуалэ гуп Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIар, а зекIуэм хэта щIалэхэм ядэщIыгъуу адыгэ пщащитI - АкIэжь Дианэрэ Хьарц Сэрэтинэрэ - Iуащхьэмахуэ щыгу зэрихьар, республикэм и къалащхьэми, адыгэ къуажэхэми щIалэгъуалэ джэгухэр зэрыщызэхашэр, ахэр пасэрей хабзэхэм тету ирагъэкIуэкIыну зэрыхущIэкъур, спорт зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэмрэ концерт зэмылIэужьыгъуэхэмрэ къызэрызэрагъэпэщыр, апхуэдэ зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм щытекIуэхэм Хасэм къыбгъэдэкI фIыщIапщIэхэр зэрыратыр, литературэм, гъуазджэм, щэнхабзэм япэ лъэбакъуэхэр щызыч ныбжьыщIэхэр зэрагъэгушхуэр. КъШР-м щыIэ Адыгэ Хасэм зэфIигъэкI Iуэхугъуэщхьэпэхэм щыщщ щIэныгъэ зэзыгъэгъуэта къуажэдэс щIалэгъуалэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыным пыщIа Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр, унагъуэ хуэмыщIахэмрэ лэжьапIэншэхэмрэ ядэIэпыкъуныр. ТхакIуэ Даур Мусэ и редактор нэхъыщхьэу абыхэм мазэм зэ къыдагъэкI «Хасэ» газетыр.

- Газетыр лъэ быдэ теувауэ иджыри пхужыIэнукъым, - пищащ Шэрджэс Мухьэмэд, - ауэ ефIакIуэурэ зэрыкIуэм дегъэгугъэр ар ди лъэпкъым и шхэпс хъуфыну. Иджырей хасащхьэр зэрылажьэ илъэситIым ищIэфар мыкуэдми, мылъкуу текIуэдащ сом мин 500-м нэс, езы хасащхьэм и зыIыгъыжыным текIуэдамрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и хэтыпщIэу илъэс зыбжанэ зэтрихьар зэрыттыжамрэ къищынэмыщIауэ. Пэжщ, а псор ди Хасэм къехьэлъэкIынут, хузэфIэмыкIыххэнри хэлът хэхъуэрэ гудзакъэрэ зиIэ ди лъэпкъэгъухэм зыкъытщIамыгъэкъуамэ.

КЪЫКIЭЛЪЫКIУЭ Iуэхугъуэу ДАХ-м и гъэзэщIакIуэ гупыр зыхэплъар Хэкум къэзыгъэзэжхэм зэрадэIэпыкъу щIыкIэхэмрэ ахэр зыIууэ лъэпощхьэпохэм я зэфIэхыкIэ хъунумрэщ. АбыкIэ япэ псалъэр иратащ репатриантхэм ядэIэпыкъунымкIэ ДАХ-м и комитетым и унафэщI **Бэрэздж Барэсбий**.

- Иджыпсту къэтIэт Iуэхум нэхърэ нэхъ инрэ нэхъ гугъурэ Хасэм зэрихьэ Iуэхухэм хэмыту къызолъытэ, - жиIащ Бэрэзджым, - псори зыхуэкIуэжыр ди лъэпкъэгъухэр Хэкум къэшэжынырщ, абыхэм я адэжь лъапсэм лъабжьэ щагъуэтыжынырщи. Зы лъэныкъуэкIэ, ар Iуэху гугъущ, жэуаплыныгъэ ин зыпылъщ, абы къыдэкIуэуи къыхэгъэщыпхъэщ къэкIуэжхэм я лъэр Хэкум щыувыжыныр иужьрей зэманым зыкъомкIи нэхъ тынш зэрыхъуари. Ауэ шэч хэлъкъым арэзы утехъуэу утIысыжыну а Iуэхур зэIубзу зэрыщымытым. Сэ сызэреплъымкIэ, абыкIэ лъэпощхьэпо нэхъыщхьэу щытыр Урысей къэралыгъуэмрэ ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу хамэ къэралхэмрэ я хабзэухуэкIэм и зэхэлъыкIэхэрщ, абыхэм я къэгъэсэбэпыкIэм кIуапIэ къахуэгъуэтыфынырщ. Абы и IуэхукIэ дэ тхузэфIэкIымкIэ дадоIэпыкъу, зыгуэркIэ хабзэм зихъуэжами, унафэщIэ къыдэкIами ди лъэпкъэгъу хэхэсхэр щыдогъэгъуазэ.

Бэрэздж Барэсбий и псалъэхэм къыпищэу, Хэкум къэзыгъэзэжхэм я Iуэхур Адыгейм зэрыщыгъэувам къытеувыIэу къэпсэлъащ ДАХ-м и гъэзэщIакIуэ гупым хэт **МэшхуэфI Нэждэт** (Мейкъуапэ).

- Дунейпсо Адыгэ Хасэр зэхэша щIэхъуар, абы къалэн нэхъыщхьэ дыдэу иIэр хэхэс адыгэхэр къэшэжынращ, - жиIащ абы. - ИкIи къыхэгъэщыпхъэщ а Iуэхум епхауэ иджыри къэс зэфIэкIауэ къызэщIэпкъуэж хъуну псом ДАХ-м и гуащIэр зэрыхэлъыр. Япэрауэ, дэ псоми къыдгурыIуэн хуейщ мы илъэсхэр ди лъэпкъым и насып къэгъэзэгъуэу зэрыщытыр. Хэкум дыщIрахуар Кавказ Ищхъэрэм цIыху имысу урыс пащтыхьыгъуэр зэрыхуейрат, а лъэхъэнэм техуат Уэсмэн империем и къарур ихъумэн папщIэ цIыху екIуэлIапIэншэхэр щызришалIэм. А тIур зэрызэтехуар адыгэхэм ди насыпыншагъэшхуэт.

Иджы, Урысей Федерацэм и экономикэм зыкъыщиужьым, адрей къэралхэм ефIэкI ухуэкIэ иIэ щыхъум, ар цIыху хуэныкъуэу къыщIэкIащ. Ещхьыркъабзэу, адыгэхэр щыпсэу къэралыгъуэхэм цIыхухэр къебэкI хъуащ. А псом къыхэкIыу къытхукъуэкIа Iэмалыр ди лъэпкъым ифI зыхэлъымкIэ къэдгъэсэбэпын хуейщ. Абы папщIэ федерал законхэр дэгъуэу тщIэн, ди лъэпкъым тегъэпсыхьауэ къащтэнымкIэ тхузэфIэкIыну псори зэрыхэтлъхьэным дыхущIэкъун хуейщ. Псалъэм папщIэ, иджыри къэс «соотечественники» («ди хэкуэгъухэр») псалъэм адыгэр кърамыгъэубыду щытамэ, Урысейр ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм я адэжь лъахэу зэрыщытыр къазэрыгурыдгъэIуэным дыпылъын хуейщ.

Хэкум къэзыгъэзэжхэм ядэIэпыкъуным и Iуэхур Адыгэ Республикэм зэрыщыгъэпса щIыкIэхэм я гугъу щищIым, МэшхуэфI Нэждэт жиIащ:

- Репатриантхэм хабзэм тет Iуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщIэ IэнатIэ къызэгъэпэщын зэрыхуейм 1994 гъэм дыщIэлъэIуащ, 1997 гъэм ар къыддэхъуащ. Мы Iуэхум хуэгъэза Къэрал комитет щыIэн хуейщ жытIэурэ, куэдрэ дахуэтхати, ари къыдэхъулIащ. Иджы нобэ ди республикэм и Правительствэм хэтщ цIыхубэ коммуникацэмрэ лъэпкъ зэпыщIэныгъэхэмкIэ къэрал комитет, абы епхауэ, къэралым и мылъкукIэ лажьэу къэкIуэжхэм щадэIэпыкъу центр диIэщ. Дэ къызэрытфIэщIымкIэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм мы IуэхумкIэ бгъэдыхьэкIэ тэмэм къыхуэгъуэтмэ, и къалэн нэхъыщхьэхэр зыхуигъэувыжыфмэ, Iуэхуищ зэфIэбгъэкIыфынущ. Япэрауэ, фIыуэ елэжьын хуейщ репатриацэмкIэ цIыхухэм яIэ гупсысэр захуэу унэтIыным; етIуанэу, хэхэсхэм щхьэкIэ къэрал хабзэм и лъабжьэ гъэпсыным; ещанэу, зи гугъу тщIыхэмкIэ нэхъыбэу зи фIагъ къыдэкIынур спутник телевиденэращи, ар къызэгъэпэщыным.

КъБР-м и Президентым деж щыIэ Жылагъуэ советым къыщаIэт Iуэхугъуэхэм репатриацэм епха упщIэхэри зэрыщызэфIахым, абы и лъэныкъуэкIэ я мурадхэм тепсэлъыхьащ Президентым и чэнджэщэгъу, советым и комитетхэм ящыщ зым и унафэщI **Думэн Хьэсэн**.

- Иджыпсту къекIуэкI псалъэмакъхэм къагъэлъагъуэ гугъуехь куэд зыпыщIа лэжьыгъэшхуэ ди пащхьэ зэрилъыр, - жиIащ Думэным. - Абы илъэс зыбгъупщI хъуауэ дытопсэлъыхь, дытолэжьыхь, ауэ арэзы утехъуэну тхузэфIэхыркъым. Пэжщ, а Iуэхур къэрал дэIэпыкъуэгъуншэу, Хасэм и закъуэкIэ зэфIэха зэрымыхъунум мызэмытIэу дыIууащ. Аращ КъБР-м и Президентым и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэща Жылагъуэ советым Iэпхъуэшапхъуэ, лъэпкъ зэпыщIэныгъэ IуэхухэмкIэ комиссэ (къэпщытакIуэ гуп) щхьэхуэ щIыхагъэхьар. Сыт а гупым и къалэныр жыпIэмэ, абы и IуэхущIафэ нэхъыщхьэхэм хохьэр Iэпхъуэшапхъуэмрэ Хэкум къэзыгъэзэжхэмрэ я Iуэху зэфIэхыкIэхэм и щапхъэу нэгъуэщI щIыналъэхэм къыщагъэсэбэпхэм хэплъэныр, миграцэмкIэ щыIэ къулыкъущIапIэхэм щылажьэхэмрэ а Iуэхур зи щхьэкIэ зыгъэунэхуахэр зыIууа лъэпощхьэпохэмрэ къэлъытауэ, программэ щхьэхуэ гъэхьэзырын, ар Президентым и пащхьэ илъхьэн, адэкIэ Урысей Федерацэм и къэрал унафэщIхэм я деж щыпхигъэкIыным хуэлэжьэнырщ. Мы лъэхъэнэм ирихьэлIэу а IуэхумкIэ пыухыкIауэ зэфIэтха гуэри щыIэкъым, мэлыжьыхь мазэм екIуэкIын хуея зи чэзу зэIущIэр нобэрей зэхыхьэм къыщаIэт псалъэмакъри, Iуэху еплъыкIэ зэхуэмыдэхэри къэтпщытэжу, кърикIуахэр Жылагъуэ советым и пащхьэ къыщытIэтын хуэдэу. АбыкIэ зэIущIэм къыщыпсэлъэну пщэрылъ зыщытщIар советми ДАХ-м и гъэзэщIакIуэ гупми хэт ХьэфIыцIэ Мухьэмэдщ. Абы къыхэкIкIэ а Iуэхум и зэфIэхыкIэм теухуауэ нобэ мыбдеж къыщаIэт еплъыкIэ псоми мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Апхуэдэу Хэкум къэкIуэж ди лъэпкъэгъухэм я Iуэхухэм теухуауэ къэпсэлъащ **Къущхьэ Догъэнрэ** (Тырку) **СтIащ Зухьеррэ**(Сирие).

- Пэжым ухуеймэ, Тыркум щыпсэу адыгэ псоми я гупсысэхэр Хэкум къэкIуэжыным хуэгъэпсауэ щыткъым, - жиIащ Къущхьэ Догъэн. - Ар дэри дощIэ, фэри фыщыгъуазэщ. Мыбдеж кIэщIу щыжысIэну сыхуейт дэ цIыхухэм зэрызыкъытхуагъэза гукъеуэ зыбжанэ. Псалъэм папщIэ, Адыгейм къэкIуэжхэм Хэкум хэзэгъэжынымкIэ я Iуэхухэр нэхъ псынщIэу щызэфIэкIмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым деж ар нэхъ зэхэлъэхъащ. Сыхуейт Адыгейм Iуэхур зэрыщызэфIагъэкIым, абы и гъэпсыкIэм и щапхъэхэр Налшыки къыщащтэну, гу зылъытапхъэхэр къалъытэну. Нэхъыбэ дыдэу ди цIыхухэр езыгъэзэшыр Урысей къэралым щекIуэкI хабзэхэмрэ урысыбзэмрэ зэрамыщIэращи, абыкIэ ядэIэпыкъун хуейщ.

- ИлъэситIкIэ узэIэбэкIыжмэ, 2006 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм, сэ сыхэтащ Урысейр зи хэку цIыхухэм я ЕтIуанэ дунейпсо зэхыхьэу Санкт-Петербург щекIуэкIам, - жиIащ СтIащ Зухьер. - Къэрали 100-м щIигъум къикIауэ лIыкIуэ 650-рэ къызрихьэлIам хэтащ икIи иригъэкIуэкIащ УФ-м хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министр Лавров Сергей. ЛIыкIуэхэм я пащхьэ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къыщыпсэлъащ. Сэри псалъэ къыщызатым, си Iуэху еплъыкIэ жысIащ. Шэч хэлъкъым дунейпсо зэгухьэныгъэм ДАХ-р хыхьэн зэрыхуейм, абы и фIагъ къэкIыну зэрыщытым. Сэ урысыбзэр фIыуэ сощIэ, совет лъэхъэнэм Ленинград сыщеджауэ щытащ. Арати, зэхыхьэм и къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ зым упщIэкIэ зыхуэзгъэзат: «Сыт Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лIыкIуэхэр къыщIевмыгъэблэгъар?» - жысIэри. «ТIэщIэгъупщыкIащ!», - жэуапу къыщызитым, ДАХ-ми Абхъазми къабгъэдэкI цIыхухэр къыхагъэхьэн зэрыхуеяр тегъэчыныхьауэ жесIащ. «Дэ фIыуэ дыщыгъуазэщ адыгэхэм дунейпсо зэгухьэныгъэ зэраIэм, лъэпкъ Iуэхухэр зэтегъэувэжынымкIэ абхъазхэр зыхэт гугъуехьхэм, абыхэми апхуэдэ зэгухьэныгъэ зэрагъэлажьэр. КъыкIэлъыкIуэ зэхыхьэгъуэм ахэр гульытэншэ зэрыдмыщIынум дыхущIэкъунущ», - къызжиIащ си псэлъэгъум.

Думэн Хьэсэн *(Налшык)*.

Санкт-Петербург щекIуэкIа конференцым къыщащта унафэм тету щIыналъэ къудамэхэр къызэрагъэпэщащ. Абы ипкъ иткIэ нэгъабэ мэкъуауэгъуэ мазэм Каир (Мысыр) щекIуэкIащ Африкэ - КъуэкIыпIэ Гъунэгъу щIыналъэхэр къызэщIэзубыдэ зэIущIэшхуэ. Сэ абы сыхэтащи, жысIэфынущ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэу дызыхэплъахэмкIэ унафэ дэгъуэхэр къызэрыщаштар. А псом къыхэкIыу мыбдеж щыжысIэну сфIэигъуэр а дунейпсо зэхыхьэшхуэхэм къыщаIэта упщIэхэм щыщу адыгэхэм нэхъ къыдэгъэщIылIарщ. «Соотечественник» («Хэкуэгъу») псалъэм хэт къиубыдыр? Урысейм и лъэпкъэгъуу хамэ къэралхэм щыIэу илъытэр урысхэм я закъуэ хьэмэрэ нэгъуэщIхэри хэт?» Ди жагъуэ зэрыхъущи, абы теухуауэ УФ-м игъэлажьэ законым адыгэхэр хиубыдэркъым! Урысейм и лъэпкъэгъу хэхэсхэм ятеухуауэ къищта законхэр щызэхуэхьэса «Хэт хъуну уи хэкуэгъу?» фIэщыгъэцIэ зиIэ зы тхылъ къысIэщIыхьауэ сиIэщ. Сыт абы итыр жыпIэмэ, Урысейм и хэкуэгъуу илъытэр 1917 гъэм и пэкIэ а къэралым и гражданству зиIахэрщ. Дэ псоми зэрытщIэщи, Хэкур зрагъэбгына дядэжьхэм урысей гражданствэ яIакъым, ауэ иджы абы къикIрэ ахэр мы лъахэм щымыщу, егъэзыгъэкIэ я лъапсэр ирамыгъэбгынауэ? Мис а Iуэхум - хэхэс адыгэхэр Урысейм и хэкуэгъуу къилъытэхэм хегъэубыдэным - укъуэдияуэ делэжьын хуейуэ къызолъытэр. А законым нобэ адыгэхэр химыбыдэми, абы гу лъэдгъэтэжу, щытыкIэм икIэщIыпIэкIэ зэрызедгъэхъуэжыным дыхущIэкъупхъэщ. Санкт-Петербург щекIуэкIа дунейпсо конференцэм хэту Путин Владимир журналистхэм щепсалъэм, абы зыгуэр къеупщIащ: «Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм ящыщ куэд хамэ къэралхэм щикъухьа хъуащ, Урысейм и хэкуэгъуу къэфлъытэхэм абыхэм я щIэблэр хиубыдэрэ?» УФ-м и Президентым жиIащ кавказ лъэпкъхэм ящыщу хамэ къэралхэр псэупIэ зыхуэхъуахэри Урысейм и хэкуэгъухэм зэращыщыр, ауэ Хэкум къэзыгъэзэжхэм я IуэхукIэ къэралым къищта унафэм ущыхэплъэкIэ ар хэплъагъуэркъым. Аращ сэ къыщIыхэслъхьар Санкт-Петербурги Каири щекIуэкIа зэIущIэхэм. Ар къыдэхъулIэмэ, Хэкум къэгъэзэжыным епхауэ зэпымыууэ дызыхэплъэ Iуэхухэр нэхъ тынш икIи нэхъ щIэх хъунущ.

СтIащ Зухьер и псалъэхэм апхуэдэу къыхэщащ зи гугъу ищI дунейпсо конференцэм и зэхыхьэхэр илъэс къэс зэрекIуэкIынур, абы и мыгъэрей зэхуэсыр щекIуэгъуэ мазэм Дамаск (Сирие) зэрыщызэхэтынур.

«Урысейм и хэкуэгъухэр» дунейпсо зэгухьэныгъэм ДАХ-р хэгъэхьэн хуейуэ къызэрилъытэм, тегъэщIапIэ ящIыфыну дэфтэрхэр зыхуэдэм теухуауэ къэпсэлъащ ДАХ-м и тхьэмадэ **Дзэмыхь Къасболэт**.

Аргун Юрий *(Сыхъум)*.

- Санкт-Петербург къыщыдэкI «Звезда» журналым куэд щIакъым къызэрытрадзэрэ адыгэхэм я тепсэлъыхьэу зи Iуэху еплъыкIэхэр къэзыIуэта Гордин Яков и тхыгъэшхуэр, - жиIащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**. - А щIэныгъэлIым къызэрилъытэмкIэ, адыгэхэр псом нэхъапэ дызыхущIэкъупхъэр ди лъэпкъым и щхьэ къерикIуа насыпыншагъэр, Урыс-Кавказ зауэм и Iэужьу лъэпкъыр хамэ къэрал куэдым икъухьа зэрыхъуар, Урысей къэралым геноциду (лъэпкъ гъэкIуэду) къегъэлъытэнырщ. Ар тхуэзфIэкIмэ, итIанэщ къэзыгъэзэжынухэми, гражданствитI зиIэнухэми, лъэпкъым и сэбэп зыхэлъ нэгъуэщI Iуэху щхьэпэ гуэр зылэжьынуми я мурадхэр нэхъ гъэзэщIэгъуафIэ щыхъунур. Абы и щапхъэ улъыхъуэу жыжьэ ущIэкIуэн щыIэкъым: геноциду къалъытэ 1944 гъэм ираша балъкъэрхэм, къэрэшейхэм, къалмыкъхэм, шэшэнхэм, ингушхэм я щхьэ кърикIуар.

А псом къыхэкIыу, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд жиIащ Мейкъуапэ щылажьэу мы Iуэхум и зэфIэхыпIэ къэзылъыхъуэ «Шэрджэс конгрессым» и IуэхущIафэхэр даIыгъын, Гордин Яков и тхыгъэм къыхэщ Iуэху бгъэдыхьэкIэри, хабзэм къезэгъ нэгъуэщI Iэмалхэри къагъэсэбэпу а Iуэхур пхагъэкIын, абыхэм къадэкIуэу «Хэкум къэзыгъэзэжхэм я унэ» Налшык дэтын хуейуэ къызэрилъытэр. Псалъэм къыдэкIуэу къэбгъэлъагъуэмэ, «Звезда» журналыр мин бжыгъэ фIэкIа мыхъуми, ар яIэрохьэ дунейпсом и библиотекэ нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэмрэ еджапIэ лъэрыхьхэмрэ, УФ-м и Къэрал Думэми макIуэ.

Хэкум къэзыгъэзэжхэм ядэIэпыкъуным теухуауэ адэкIэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ ОВИР-м и къудамэм и унафэщI **Щэныбэ Залымджэрий** (Налшык), ДАХ-м и гъэзэщIакIуэ гупым хэтхэу **Хеймащэ Орхьан** (Истамбыл), **Аргун Юрэ** (Сыхъум), нэгъуэщIхэри.

Хэкум къэзыгъэзэжхэм ятеухуа зэхыхьэ мыгувэу ДАХ-м къызэригъэпэщыну Iуэхузехьэ гупыр зэгурыIуэри, а махуэм зэлэжьыну къагъэува адрей упщIэхэм яужь ихьащ: адыгэбзэр хъумэнымрэ зегъэужьынымкIэ хэхэс адыгэхэм я деж щызэфIагъэкIа Iуэхухэм **Къущхьэ Догъэн** тепсэлъыхьащ, къэпсэлъащ КъБКъУ-м, Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым щылажьэ щIэныгъэлIхэр, адыгэбзэм и къэпсэлъыкIитIыр (къэбэрдей, кIахэ диалектхэр) зэпэгъунэгъу зэрыпщIыфыным теухуа и Iуэху еплъыкIэхэр къиIуэтащ **МэшхуэфI Нэждэт**. Апхуэдэу къызэхуэсахэм я пащхьэ щагъэлъэгъуащ ди республикэр къэзыгъэцIыху «Къэбэрдей-Балъкъэр» дискыр (зыщIар **Жынэ Мухьэмэдщ**), иджыблагъэ дунейм къытехьа «Нарт пшыналъэхэр» альбом гъэщIэрэщIар (**Думэныщ Аулэдин, Гумэ Маринэ, Бгъэжьнокъуэ Заурбэч** сымэ зэлэжьар), адыгэбзэр зрадж электрон тхылъыр (зэхэзыгъэувар **Хьэмдэхъу Анзорщ**), нэгъуэщIхэри.

ДАХ-м и Iуэхузехьэхэм къызэдащтащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и дамыгъэр зыхуэдэнум теухуа унафэр, тепсэлъыхьащ Къэнжал зауэр адыгэхэм я текIуэныгъэкIэ зэриухрэ илъэс 300 щрикъур зэрагъэлъэпIэнум, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъу ныбжьыщIэхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр хабзэ зэрыхъуам тету Налшык къыщызэгъэпэщыным и Iуэхум, нэгъуэщIхэми. ГъэзэщIакIуэ гупыр зэрызэгурыIуамкIэ, абыхэм я зи чэзу зэIущIэр гъэмахуэм Шапсыгъым щекIуэкIынущ.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

МэшхуэфI Нэждэт *(Мейкъуапэ)*, Лъапсэрыкъуэ Нэхьид, Къущхьэ Догъэн, Хеймащэ Орхьан *(Тыркум)*.

Махуэ Алийрэ *(Черкесск)* Бэрэздж Барэсбийрэ *(Налшык)*.

Пщыуэркъхэр ягу къагъэкIыж

Дзэлыкъуэкъуажэ дэт 2-нэ курыт еджапIэм иджыблагъэ щекIуэкIащ тхыдэмрэ IуэрыIуатэмрэ ехьэлIа Iуэхугъуэ гукъинэж. «Адыгэ пщы-уэркъхэм я махуэ» зыфIащар. Ар къызэрагъэпэщащ тхыдэмкIэ егъэджакIуэ, «Хьэт» клубым и унафэщI КIэмыргуей Муратрэ еджакIуэхэмрэ.

ДЗЭЛЫКЪУЭКЪУАЖЭ курыт еджапIэм щагъэлъэгъуэнухэм еплъыну мы махуэм еблэгъахэщ Налшык икIа хьэщIэхэмрэ Дзэлыкъуэ куейм и администрацэм и лэжьакIуэхэмрэ. Абыхэм яхэтащ КБР-м и Парламентым щэнхабзэмрэ спортымкIэ, туризмэмрэ хьыбарегъащIэ IэмалхэмкIэ комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур**, Дзэлыкъуэ куейм и унафэщIым и къуэдзэ **ЗекIуэрей Алий**, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и унафэщIым и къуэдзэ **Жэмыхъуэ Суфян**, Абхъазым щыIэ Адыгэ хасэм и зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Бекъшокъуэ Алексей**, «Адыгэ унэ» IуэхущIапIэм и тхьэмадэ **Iутыж Мэжид**, артист **Думэн Мурадин**, шыкIэпшынауэ, уэрэджыIакIуэхэу **Иуаз Зуберрэ ХьэхупащIэ Амырхъанрэ**, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал телевиденэм и редактор **Къардэн Аслъэн** сымэ.

ХьэщIэхэм я нэхъыбэм я щыпэблагъэтэкъым мы еджапIэм икIи абыхэм гу лъатащ еджапIэм и блын гъэщIэрэщIам фIэлъ адыгэ лIыхъужьхэм я сурэтхэм къазэрыхъуам. Лъэпкъ тхыдэм ехьэлIа Iуэхугъуэ куэдым еджакIуэхэр зэрыщагъэгъуазэр я гуапэу нэхъыжьхэм къыхагъэщащ.

СабийхэмрэнэбжьыщIэхэмрэ ягъэхьэзыра махуэм къызэщIиубыдащ хэкулI цIэрыIуэхэм я хъыбархэмрэ уэрэдхэмрэ.

ЗэIущIэр къызэIуихащ Къэмыргуей Мурат, адэкIэ чэзуурэ абы утыку кърешахэм яхэтащ 4-11-нэ классхэм щIэс цIыкIухэр. Хъыбарыжь, уэрэд, къафэхэр куэду зыхэт программэм хэзэгъащ музыкант Iэззэху Иуазымрэ ХьэхупащIэмрэ ягъэзэщIа «Адыгэ пащтыхьхэм я тхьэусыхэ», «Адыгэ уэркъ» уэрэдыжьхэр. ЕджакIуэхэм жаIащ «Дау Бахъсэн и уэрэдыжь» (Къущхьэ Рузанэ, 5-нэ класс), къэIуэтэжащ Уэзы Мурат и хъыбарри уэрэдри (БжэныкIэ Залинэ, 9-нэ класс), Ашабэ Миншакъ, Дыгъужьыкъуэ Къазбэч, Жанхъуэт Кушыкъ, ХьэтIохъущокъуэ Мухьэмэд-Iэшэ сымэ ягу къэгъэкIыжащ, нэгъуэщI лIы цIэрыIуэхэми я хъыбархэр. 2-нэ классым щIэс Теувэж Мадинэ хэкум теухуа уэрэд жиIащ, 8-нэ классым щеджэ Псэныкъуэ Лианэ езым итха усэ къеджащ.

БэнакIуэ щIалэхэми загъэлъэгъуэну Iэмал яIащ мы махуэм. НыбжьыщIэхэм зрагъэхъужыну, лъэпкъ тхыдэ щIэныгъэм ехьэлIа Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэн куэдым ахэр щыгъуазэ ящIыну зыхуэлъэкI БжэныкIэ Маринэ зи унафэщI курыт еджапIэм щылажьэхэм я Iуэхур дяпэкIи дэIыгъыну хьэщIэхэм къагъэгугъащ.

КЪАНЫКЪУЭ Заринэ,
«Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ.

НыбжьыщIэхэм зэIущIэр ирагъэкIуэкI.

Гулъытэрэ гущIэгъурэ хуэныкъуэхэр

Налшык къалэ сымаджэщым и бжэIупэм и деж къыщызэIуахащ XXI лIэщIыгъуэм и емынэ узкIэ зэджэ СПИД-м зи гъащIэр ихьахэм я фэеплъ пхъэбгъу. Жэрдэмыр къыхэзылъхьа «Точка опоры» Урысей цIыхубэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и лIыкIуэхэм къызэхуэсахэм драгъэкIуэкIащ дуней псор зыгъэпIейтей узыфэ шынагъуэм ехьэлIа псалъэмакъ щхьэпэ. Абы зи гъащIэр ихьахэм я бжыгъэр мелуан 20-м ноблагъэ, ди республикэр къатщтэмэ, ар япкъыртыщ цIыху 400-м. Абыхэм я дэтхэнэ зыри хуэныкъуэщ цIыхум я гулъытэрэ гущIэгъурэ. Фэеплъ пхъэбгъур щагъэува щIыпIэм и хъуреягъкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ цIыхубэ зэгухьэныгъэхэмкIэ и Комитетым и нэIэ тету жыгыщIэхэр щыхасащ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Псалъэжьхэр

Гъащ Iэм и пкъо

*Дзыгъуэ пэтрэ и гъуэ щы-лIыхьужьщ.
*Пыгъэ щIапIэ лIы икIуадэркъым.
*Хэкужь джэду гъуапэрэкым.
*Гугъэр гъащIэм и пкъощ.
*Дзтхэнэ зы узми иIэщ Iэзэгъуэ.
*Дунейр зыгъэнэхур дыгъэщ, дунейр ззыгъэзахуэр щIэныгъэщ.
*Дыджьм уемыдзакъэу Iэфыр пщIэркъым.

● Прозэу тха басняхэр

Мывэжьым иратыжа жэуапыр

Пхъэ къутапIэм кърахауэ пщэфIапIэм щIахьэ пхъэ Iэплlэр щилъагъуэм сэбэпынщэу бжэIупэм Iулъ мывэжьым жиIащ:

- Иджьпсту Iэплlэм фильу фахь щхьэкIэ, фэ фльагъунщ къыващIэр - хьэкум фрадзэнрэ фыпIэнкIыжу фагъэсынущ, я шхыныр хьэзыр ящIым щхьэкIэ.

Абы и жэуапу пхъэм жеIэ:

- АтIэ ар хъарзынэкъэ! Дэ, пхъэхэр, дыщIыщIэр цIыхухэр мафIэ щыдмыгъэщIэну, абыкIэ сэбэп дахуэхъуну аращ, мывэжь. Дэ дыхуейкъым уэ пхуэдэу сэбэпыншэу дыщыIупыну.

ВакъитIым къащыщIар

- Дэ адэкIэ дыкIуэфынукъым, - жаIащ вакъитIым. - Фльагъуркъэ, ди льэгур щIоху.

- Iэмал иIэмэ, дыздежьам зыгуэрурэ дынэвгъэс, - лъэIущ вакъэхэр зей лъакъуитIыр.

Арщхьэкlэ вакъэхэм ящхьым я пIэ икIын. Щымыхъум, лъакъуэхэр вакъэ щащэ тыкуэным щIыхьэщ, щIуужу туфлъэ зырыз къащэхури я гъуэгу теувэжащ, яIъэкIынур и кIэм нэс хуащIэну зымыда вакъитIыр якIэлъыплlу гъуэгум тельу къагъанэри.

ЩэкI кIапэр зыхуеяр

- Кхьыlэ, мо бэракъым шэм пхиудауэ иIэ гъуанэм сыщывдэж, - лъаIуэрт щIелъыжь тIэкIур, иджыри къэс зыми кърамыдзэу псэуар. Ар ящхьэ бэракъым щыщ зищIу и пщIэр дригъэуеину.

Мэл мэлыхъуэ хъуркъым

Мэлхэр куэдрэ кIэлъыплlащ мэлыхъуэхэм я лэжьыгъэм. «Сыту тыншу псэурэ мыхэр! - Хьуреитl, хьуреитl! - жаIэу кьыгтхэкIиемэ, я Iуэхур зэфIокI. Хэт апхуэдэу мымэлыхъуэфынур!»

«Дэ езы мэлхэм дгъэхъуэжынущ ди Iэхъушэр», - зыхуагъэзащ абыхэм мэлыхъуэхэм. «Ар фа фхуэзфIэкIын лэжьыгъэкъым», - жраIа щхьэкIэ, ахэр едэIуакъым мэлыхъуэхэм.

Арати, мэлхэм хэхьыныгъэ ирагъэкIуэкIри, а лэжьыгъэр зэхъуэкIыфынуи ялыытэ мэл гуп мэлыхъуэу хахащ. Арщхьэкlэ щыдгуэ я кьыщIэкIащ ахэр. Зэгуэрым Iэхъушэм дыгъэжь гуп кьахэльадэри, хьэлэч зэтрищащ.

Абы льандэрэ мэлхэм я фIэщ хьуащ мэлыхъуэу зэрыщымытыфынур.

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

● Къуажэхъэхэр

Мэфий, мэкIий

©Щандзэгу бгъэбатэмэ, бэтэжауэ кьыщIоху.
©КIапсэшхуэ Iэгуу пхъэгу кьытхуэзышIэ.
©КIэ кьуаф кьокIуэри, кIэшIэ ныдех.
©КIуэмэ, мэжьэгъуашхэ, тIысмэ, мэдыдыхьэшхыщI, щысмэ, мэдаIуэ.
©Мэфий, мэкIий, хьэкъугъыр кьреш.

ЖЭУАПХЭР:

«КIэрфофф Лъа Лъ-гъэмэ Iуа Лъащмэ»

● Цыкlуэхэм папщIэ

Мастэ нэбдзым уригъэпщыфынущ...

(Таурыхъ)

Бгъэжьым пщэдджыжь къэс щIалэм шхынрэ псырэ кьыхуихьырт.

Апхуэдэурэ иIъэситI хуэдиз дэкIауэ, пщэдджыжь гуэрым бгъэжьыр зэрихабзэу кьэлъэтащ. Ауэ иджы абы щIалэм щIыхьэм кьыхуихьакъым, атIэ мэлыхъуэр кьыпхъуатэри, кьыр задэм ирихьэхащ. ЩыхупIэ Iьагэм и лъабжьэм псы цIыкIу щежэхьырти, щIалэр псы Iуфэм деж щигъэуври, езыр пъэтэжащ. Мыдрейм ищIэнур имыщIэу зыкъюмрэ гупсысэри, мыпхуэдэу триухуащ: «Псы ежэхым сбгъэгурыгу сыкIуэмэ, зыщIыпIэ сыхунщэнщ. Псы Iуфэм жылагъэу гуэр Iумысу кьэхъункъым». Апхуэдэу егупсысри, псы Iуфэм Iуту иригъэзыхащ. Куэд икIуа, мащIэ икIуа, пшапэ зэхэуэгъуэу зы кьуажэ щIыкIыпъэтащ. Кьуажэбгъу дыдэм щыт унэм Iухьэри джащ. Абы зы лIыжь цIыкIу кьыщIэкIащ.

- Уа, тхьэмадэ, сыгъуэгурыкIуэщ, жэщ кьыстехъуащ, ныжэбэ сыщумыгъэIэфыну пIэрэ?

- Сыт щхьэкIэ ущымыгъэIэу! Кьеблагъэ, щIалэ, - жиIэри унэм щIишащ.

Унагъуэм зыпхьу закъэр фIэкIа ямыIэу, лIыжьымрэ фызыжьымрэ щыпсэууэ арат. Аэр фIыуэ хуэщIауэ псэурт, мэл гуартэшхэу яIэт.

Щалэм и къекIуэкIыкIар лIыжьым щыхуиIуатэм, зэгъэрейм жиIащ:

- Апхуэдэу щыщыткIэ, ди деж кьанэ, щIалэфI. ЩIалэ диIэкъым, къуэ утхуэ-хьунщ, дунейм дехьижмэ, ди мылъкури кьыпхуэнэнщ.

ЩIалэр гупсысэри, арэзы хъуащ. И мэлыр хунГъэхуэ, и Iэщым хуKIэльыплlу зы илъэс хуэдэ щыпсэуащ. Пщыхэщхъэ гуэрым унэм щIакIащ, и щIыхь-гъэ бжьыкIэр, кьыздикIар имыщIэу къеуэри ипхъуэтащ. Апхуэдэу нэху щыуэ жэщ хъужьых ихьащ. Пшапэр зэхэуэгъэ бгъэжьым щIалэр щым иригъувэхри лъэтэжащ.

ЩIалэр Iэнкуну тIэкIуэрэ щытауэ епIыныхэ, япэ щрахьэжьа пщыхьэщхьэм игъэувауэ щыта кьубгъанаир зэрыщытщ. ЩтэIэщтаблэр ар кьищтэжри, пIъэмэ, я мэлыхъуэ пщыIэм и щхьэгъэбжэ щыкIур нэхущ. Шынапэуэрэ пщыIэм щыхьэжмэ, и мэлыхъуэгъэ Iупыр кьэзэригъэнам хуэдэу мэуэрпшэрри зэхэсщ, пщафэмэ лыр Iэгъэупым кьыхьехьыж. Зыри кьэмыхьуам хуэдэу, зы щIыхьэм щIалэр кьыфIэIуэхуакъым. ПщафIэр кьелпэри жиIащ:

- КьэтIыс-тIэ, тIэкIу фызгъэмэжьэлIа-ни, фызгъэтхъэжьнщ.

Гупыр Iэнэм етIысылIащ. ЩIалэри ябгъэдэтIысхьэри, кьызыхихари кьахуэмыщIэу: «Аращ ар мастэ нэбдзым уригъэпщыфынущ», - жиIэри, итIанщ шхыным щыхэIэбар.

УЭРЭЗЕЙ Афлик.

● Хъуэжьу

Зэрэгъыж къуажэм щыпсэу Кьардэн Тамарэ Iэдил и пхъур накьыгъэм и 25-м илъэс 80 ирокъу

Ди анэм и гъащIэм урипIъэжмэ, гъуэгуанэ гугъу кьыIэрИнэкIащ. Ар зауэ зэманым щыIтI щыIахэм яхэтащ. И щхьэгъусэр зауэм и пэм щыщIэдзауэ иухьыукIэ хэтащ, нужькIэ абы кьриха узми ихьыжащ. БалигъыпIэ имыувауэ, ди анэм бынийр кьыхэнати, дэтхэнэри зыхуэI хуэзэу кьигъэтэджащ. ЩIалитхум дзэм кьулыкъу щригъэщIащ, псори унагъуэ щхьэхуэуи игъэтIысжащ.

Ди анэр лэжьыгъэм и ветеранщ. «Анэм и щIыхь-медалыр кьыхуагъэфэщащ.

Ди анэ дахэу ди нанэ Iумахуэ!

Узынишагъэр уи куэду. гуфIэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ уи Iэпэгъуэ, гукъеуэ уимытащ, унагъуэ жьэгум урихьумакIуэ, псэрытету иджыри илъэсищэкIэ утхуэпсэуну дынохъуэхъу.

Уиштху Ленэ, уи малъхъэ Мухьэмэд, уи пхъурыпхъуэхуэ Казбекрэ Джульеттэрэ.

● Къэпкъ щхьныгъуэхэр

Шху

Щэ кьагъэпщтар и хуабагьыр градус 40-45-м нэс ягъэупщIыIу. Абы щэ литритIым хуэ ззу зы щху лошкIэ хакIэри, зэIащIэ. ИтIанэ а щэр зэрыт хьэкъущыкъур зыгъэхуэбэн гуэркIэ щIауфэри, кьемыщIыIэкIыи щыIыпIэм сыхьэт зытIукIэ щыщагъэтщ. Зэрыпщ зэщIахыжри, нэхъ щыIэтыIапIэ щагъэув, диин папщIэ. Ар дэпшхыну нэхъыфIщ чыржыным, мырамысэм, лэкъум хуабэм.

Шэ щIэгъэпщтхьа

Щэр пщыхьэщхьэм ягъэпщт. (Кьэкъуэлъа нэхъ дакьикъэ 30-40-кIэ мафIэ хуэдизкIэ тращэзэщ). Ар щIыпIэ щыIэтыIэм щагъэув. Пщэдджыжьым ирихьэлIэу шэпхьафэ Iув тельу нэху кьокI. Ар гуакIуэщ мэжаджэм, щIакхъуэ хуабэм дэпшхьну. Кьалмыкъ шеIм щIыгъууи Iэнэм трагъэувэ. Псом хуэмыдэу фIыщ хьывшэ щIэгъэпщтхьар.

«Адыгэ шхыныгъэр» тхьыпIэм кьытхыжащ.

Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу*: 1.** КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, зауэлI, щIэныгъэлI. 3. Къэбардей-Балъкъэрми Къэрэшей-Шэрджэсми щIыхь зиIэ я артист, Италием Пучини и щэкIэ щекIуэкIа дунейпсо зэпеуэныгъэм и дипломант, уэрэджьIакIуэ цIэрыIуэ. **6.** Зи къуэпсыр гъужа адыгэ лъэпкъ. **10.** Дагъэ щIэкIауэ, щэ щIэльу мэлыхъуэхэм ящI мырамысэ. **12.** Лым кьыхэщIыкIа адыгэ шхыныгъуэ. **14.** УФ-м и цIыхубэ артист, Щоджэнщыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбардей кьэрал драмэ театрым и джэгуакIуэ щыта. **16.** Жэмым кьыльхуэ щIэжьей. **18.** Зыгъэр пфIэгъэныхь зэрыхъуэм кьыуит гурыщIэ. **20.** Бжьигъэ угъурлы. **21.** Кlэрэф Мухьэмэд и повесть. **22.** Гъэвауи бэжьауи пшхыну фIы дыдэ, ауэ къэухьышхуэ зимыIэхэр абы щрагъэщхьи кьохьу. **27.** Анэкlэ гумащIэ, нэхъуеиншэ. **29.** Тырку прозэми драматургиеми я классик адыгэ тхакIуэ. **30.** Уафэгъуагъуэмрэ уафэхъуэпскIымрэ я тхьэ. **31.** УФ-м щэнхабзэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ, публицист, критик. **32.** Хьэкъущыкъу зыдагъэувэ шкаф. **35.** Сыбыриим щежэх псыщхуэ. **37.** ЦIыхубэ, щхьэгъусэ. **38.** Епщыкlубгъуанэ лIэщIыгъуэм псэуа италие композитор цIэрыIуэ. **39.** Зэрыпыджэ пасэрей Iэщэ папцIэ. **44.** Нарт Iуэрыlуатэм хэт шы лъэпкъ. **46.** ... зыщхэр псы йофэж. **48.** ХэIэтыкIауэ щыта зиусхьэн лъэпкъ. **49.** Район унафэщI лъэрызекхьэу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и Лlыхьужь. **50.** Адыгэ генерал. **51.** Джэду лъэпкъыгъуэм хыхьэ хьэкIэ-кхъуэкIэ ябгэ. **52.** ЩтапIэ ихьэжа цIыху. **53.** Нарт Iуэрыlуатэм узыщихьэлIэ цIыху цIыкIужьей.

***Къехьу*: 2.** Щоджэнщыкlу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» романым хэт хъыджэбз. **4.** Адэм и анэш. **5.** Тутын зэрефэ Iэмэпсымэ. **7.** Пшхыну фIы дыдэщ, ауэ зепхэну Iей дыдэщ. **8.** Етхуанэ нэмэз щыгIуэ **9.** 1911 гъэм Истамбыл - «Гъуазэ» газетыр, 1917 гъэм Бахьсэн - «Адыгэ макъ» газетыр япэу кьыщыдзэыгъэкIаxэм ящIащ, Щоджэнщыкlу Алий и егъэджакIуэу щыта лIы цIэрыIуэ. **11.** Европэм щыIэ къэралхэм ящIащ щым и щыхьэр. **13.** Щыхь лъэпкъ. **15.** Хьэм хэсми, мэшмыкIэ пIъэ мэз джэд мыин. **17.** Нало Заур и тхылъ. **19.** Ныбжьыщlэ, щIалэгъуалэ. **23.** Кlыщокъуэ Алим и роман. **24.** МахуэщIэ. **25.** УФ-м гуащэджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист, композитор. **26.** Кьамылым кьыхащIыкI унагъуэ хьэпшып. **28.** Сабий гъуэлъпIэ. **29.** Зы щIыхр адрейм кьызэрыщыхьэщыкI щэн, щыгъуэкIэ. **33.** Усэ сатырхэр зэрилъ псалъэхэр зэщIэжьыуэ зэращI Iэмал. **34.** Гурылъ Iей зимыIэ, нэщэнэфI зиIэ. **36.** Уэрэдым и Iыхьэ. **40.** МэкъумэшыщIэхэр щыпсэу кьуажэ мыин дыдэ. **41.** Гъавэ щаIуэ щIыпIэ. **42.** КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Къэбардей-Балъкъэр кьэрал музыкэ театрым и уэрэджьIакIуэ. **43.** Щыхьэм кьихьа гупсысэ. Гулъытэ. **45.** ХьэщIэм хуаукI е зыгуэрым тыгъэ хуащI мэлыхъуэ **46.** Ар унафэ щыта хуащI Iэхъущlапlэ. **47.** Хьэцэпэцэр Iэкlэ кьызэрахьыж Iэмэпсымэ. **48.** Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, адыгэбзэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа.

Зэхэзэлъхьар
УЭРЫШ Нурхьэлийщ.

Накьыгъэм и 17-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкIуэкIыу*: 1.** Щхьэлыкьуэ. **9.** Щтамылэ. **10.** Жыхафэгу. **14.** Даур. **15.** Бру. **16.** Деур. **17.** Ней, **18.** Жьр. **19.** Бжьгъу. **21.** Гурыгъу. **21.** Дахэу. **22.** Ибэ. **23.** Баш. **29.** Бгъэжьнокъуэ. **30.** КIэмыргуей. **32.** Нып. **33.** Гъубж. **35.** Боз. **37.** Нэхущ. **39.** Аркъэ. **40.** Гугъэ. **41.** Кlыщ. **43.** IумпIэ. **44.** Шыд. **45.** Гуанэ. **48.** Хьэнтхъупс. **49.** Нэпкъыжьэ. **51.** Кьэбыстэ.

***Къехьу*: 2.** Хьэлэ. 3. Лы. **4.** Кьурыкъу. **5.** Щтырыгъу. **6.** Амман. **7.** Батыр. **8.** Мэздэгу. **11.** Кьанжэ. **12.** Ержьбl. **13.** Тутын. **21.** Дыжьей. **24.** Шэрэз. **25.** Агъэ. **26.** Акъужь. **27.** Жэз. **28.** Бей. **31.** Нэгумэ. **34.** Бабыщ. **36.** Пкъынэ. **38.** Щхьэгъэш. **39.** Аргуажьэ. **40.** Гуартэ. **42.** Щыпкъэ. **46.** Iупхъуэ. **47.** Шэнт. **50.** Мы.

● ЖыIэгъуэхэр

Уи гурылъыр зрагъащIэри...

✿Кьыщыпхуащ IэIам и деж къехьэлъэкIыж тIэкIум фIыщIэри егъэкIуэдыж.
✿Уи гурылъыр зрагъащIэри... уигу къэмыкIыр яIуатэ.
✿ЦIыхум и гум уихьэфмэ, уэ тебдза уIэгъэ щыплъагъужьынщ.
✿Жэщи махуи зызыхуэбгъэщIэращIэм уи нэджэIуджэгъуэу уIоуэ.
✿Лъагъуныгъэм зыщыпхьумэну иужь уитми, Iэпэгъу зыхуэпщIыну уещэми зыри кьикIынукъым!
✿ Уи нэр кьыщхьэрызыпхьуэм зэ кIэлъыплlыжьыф.
✿ФIыуэ пльагъуми, утеплъ мыхуми щыхуэбгъэщIыхуакIэкъым - кьапшэмэ, кьэщIэнщ: е уи псэм кьытегъуэлъхьэнщ, е уи гум жьы дригъэхунщ.
✿ ШейтIаным удихьэхмэ, тхьэIухуду уольагъу.

БЕЙТЫГЪУЭНСэфарбий.

● Нэщэнэхэр

Гъатхэр гъэгъа нэгумэ...

◆Бжэщхьэлъур уи зэхуакуу узэпсэльэну фIыкъым.
◆Бжьыныфэ, бжьыныхуфэ, джэдыкIафэ ягъэсыртэкъым, тхъэмыщIкIагъэ кьещэ жаIэрти.
◆Былым кьоэштыр щIэмыфыгъужмэ, мэбагъуэ.
◆Вагъуэбэр гъавэм хэпхьэмэ, кьэкIыгъэхэр псори хохъуэ жаIэрт.
◆Гъатхэр гъэгъа нэгумэ, бжьыхьэр гъавэ гуплlэщ.
◆Гъуэгурыкlуэр хьэжъущыкъу нэщI зыIыгъ хуэзамэ, иIубырти блигъэкIырт, адрейм щIежвар кьехъулIэн папщIэ.
◆Гъубж махуэм Iуэху ныблэркъым, гъуэгуи техьэркъым.
◆Жэп темыхауэ къэбыр хъуркъым.
◆ЖьыпIэну унгу кьэкIар уэ нэхърэ нэхъапэ жызыIэм зыгуэр кьыхохъуэ жаIэрт.
◆Зи къупщхьэ къута сымаджэр щыжейкIэ кьэмыскIэн щхьэкIэ жаIэрти, и уэпшэку щIагъым гъущIыпэ щIадзырт.
◆Къанжэ кIакIэмэ, хьэщIэм зыхуэгъэхьэзыр.
◆Махуэр уэму, дыгъэр гуащIэу кьепсмэ, мыгувэу уэлбанэ хъунущ.
◆ПщэдджыжьыМ пшэкIэплъ кьищIмэ, махуэр уэлбанэ хъунущ, щыхьэщхьэм кьищIмэ, уэфIщ.

● ГъащIэм уэрелъ нэмкIэщ уэсыIэзрилъагъур.
✿ГъэщIэгъуэнри зыгъэщIагъуэм елыгтащ.
✿КупщIэр куэдрэ бгъэныщкIумэ, кунэф мэхъу.
✿Къэзыгъэщlар къищIэну щIэхъуэпсыр кьызыхуигъэщIам нырегупсыс: ар абы хилъагъущ.
✿Псыдзэр дзэм я нэхъ гущIэгъуншэщ.
✿ЦIыхуу дэнэ къэна, дунейм и махуитI зэхуэдэжьыж.
✿Жьыгъэм щIэхъуэпсэр и фIыгъуэу лIэну зыфIэфIрэ кьигъэщIакъым: нэгъуэщI узыхэдэни щыIэкъым.
✿Жьыщхьэ махуэ хъуам и гъащIэ псор насыпыфIауэ жьыпIэ хьунущ.
✿ЩIэр кьыщтэжи, кьэкIуэнум йогупсыс, жьым щытхъуэ-мэну, блэкIар ягу кьокIыж.

● Дыгъэм хуэзанщIэу згъэтIылъат

Хьуэжэ бжэныхьэт. Мазхуэ хуабэ гуэрым, бжэнхэм кьакIэльыкIухьурэ ешат, пщIэнтIати, и гуэбэнэчыф гъуэгум. Зыльыхьэуурэ, мэлыхъуэ гуэрым хуэзащ. Зыльыхьэм щыгъэтIылъ, езыр бжэнхэм якIэлъежьэри, фIыуэ щхьэщыкIащ.

Пщыхьэщхьэм, гуэбэнэчым лъыхъуэурэ, мэлыхъуэ гуэрым хуэзащ. Зыльыхьэм щыгъэтIылъ, езыр бжэнхэм якIэлъежьэри, фIыуэ щхьэщыкIащ.

- Си гуэбэнэчыф мы губгъуэм щызгъэтIылъати, згъуэтыжьыркъым, - жиIащ Хьуэжэ.

- Дэнэ деж здэбгъэтIылъар?

- Дыгъэм хуэзанщIэ дыдэу згъэтIылъат.

- Іэу.. АтIэ щыбгъэтIылъам деж кьышыбгъуэтыжьынщ, быдэу лъыхъуэIуэ, - кьыжриIащ мэлыхъуэм.

● ГушыIэ

ДыIэпхъуэркъэ?!

Хьуэжэ мылъкуу иIэр кьащтауэ дыгъуасэкIуэхэр дэкIыжу щилъагъум, и тепIэнщIэлъым тIэкIур кьищтэри якIэлъыкIащ.

Хьуэжэ дыгъуакIуэхэм щалъэщIыхьэм:

- Дэнэ укъэкIа? Сыт укъыщIэкIэльыкIуар? - жаIэри кьеупщIащ.

Хьуэжэ зыфIмыгъэIуэхуу:

- ДыздзвгъэIэпхъуэм сынокIуэ, - жэуап итащ.

ДыгъуакIуэхэр зэплъыжурэ:

- Дэнэ? Дауэ? Сыт щхьэкIэ? - жаIэурэ аргуэру кьыщеупщIам:

- Сэ сыткIэ сщIэн, фэ фы-мыщIэмэ? Фэракъэ дызыгъэIэпхъуэр? - жиIэу хьэпшыпхэмкIэ и Iэр ишийуэ ващ Хьуэжэ.

ЖЫЛАУ Нурбий.
2001 гъэ.

● Джэгукlэхэр

МэлкIэхъу

Джэгухэм зы мэлыхъуэрэ зы мэлкIэхъуэрэ хах. Мыдрейхэр зэрегуакIуэу и ныкъуэр щIыщ, адрейхэр мэлщ. Дауи, щыщ хьухэр нэхъ кьаруэ зиIэхэрщ, абыхэм нэхъ щIыкIуэрщ. Ар кьаруущIэхэр кьаубыдурэ мэлым хуэдэу традзэри япх, итIанэ ящ хуэдэу ящI. Щыщ щIыхьэху зыщIа мэлыхъуэм и мэлкIэхъур и ужь иту щы зыщхэм кьахохъэ, кьокIыж, кьагъэзэжурэ цы зыщхэм я лэжьэкIэм йоплъ.

Апхуэдэурэ щэ-плlэ кьахьэхьэурэ яхэкIыжа и ужькIэ, щыщ гуэрым мэлкIэхъур кьеубыдри, цы кьащащмкIэ (щыгъын щIыпIетIэ, джанэ, пыIэ е удз тралъхьэ) щIехьумэ, адэкIэ хъурейуэ зэрыщэхэсыж хуэдэу я Iэхъум пащэ. Абдежым мэлыхъуэм и мэлкIэхъур зэрыкIуэдам гу лъетэри, щыщхэм я дежкIэ кьеГъэзэж. Абы зыри жимыIэу мэл ящхэм, ар зыщхэм якIэльоплlэ. Гъэзырыгъуэхэу зэплъакIуэ щыщхэр зэгуоп, я дамэхэр драгъэуцей, Іупщlэ зохуащI, мэлыхъуэм кьилъхьуэм ямыщIэ хуэдэ нащхьэ-Іущхьэкlэ зэпсалъэу.

Сытми мэлыхъуэр щIоупщIэ: «Си мэлкIэхъур фымылъэгъуауэ пIэрэ?» - жиIэри. Щыщхэм япэ щIыкIэ зрагъэумысыркъым. ИтIанэ псыхъуэм дыхьэу ялъэгъуащ, мэзым щIыхьауэ хуагъэфащэу щхьэусыгъуэ Iэджэ кьыхурагъэкIэ. Мэлыхъуэм ахэр и фIэщ хуауэ лъыхъуэу, зэм псыхъэмкIэ дыхьэу, итIанэ мэзымкIэ игъазэу, иужькIэ щыщхэм кьахьэхьэжьм, абы ящIэм якIэлъыплlурэ зыкъомрэ кьекIухь. ИтIанэ ар утыкум кьохьэри и мэлкIэхъум тельхэр кьытредз: «А-а, мисри атIэ си щынэр!» - зэрыжиIэу псори зэбгрэк.

Абыхэм ящыщу хэт кьиубыдми, дяпэкIэ умыдигъэжьын хуэдэу жиIэурэ абы и натIэм Іэпэкlэ щэ йотIыркъ. Мэлыхъуэм кьиубыдын хуей бжьигъэмкIэ яп щыкIэ зэгуорlуэхэр: тIу е щы. Ар кьиубыдамэ, абы яп кьыIэрыхьар мэлкIэхъуу, иужь дыдэ кьиубыдар мэлыхъуэу джэгукIэм адэкIэ пащэ. Ауэ зы фIэкIа кьихуэзмыуубыдамэ, ар ешэ мэлкIэхъуу кьагъанэри, кьиубыдар мэлыхъуэу йожьэ.

Джэгукlэм хьэджэбэ щыкIуэр хэткъым.

МАФIЭДЗ Сэрэбий.

НапэкlуэщIэр зыгъэхьэзырар щхьэщэмыщI Iьэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаес Маритэ, Льостэн Музэ, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжькъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩIАПЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхуащlапlэхэм ядолъэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-22-87; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеи - 47-31-69; ЭВМ-и и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущlапlэм - 42-26-41; суратехэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэныгъ щыгъкIыжьу.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыпмкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №1Н-0065-м щIэту ягъуаи.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

КъБР-м ТЕщхьапIэ хъыбарегъащIэ Іэнатlэхэмкlэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефонхэр 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елъэхьахэр: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору ЖьэкIэмыхьу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Инэ *(1,2,4-нэ нап.)*, Табыш Динарэ *(3,5,6-нэ нап.)*, корректорхэм я дэпшьыгъуэу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ:* Ныр Сандэ, ЩкIуэ Мадинэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *суратыщI* Къарей Элинэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейр щыхьэт 20.00-м. Щыградзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.008● Заказ №1645